Хъизаналъго цIализе журнал

# МагIарулай

№ 5 / 2024

ISSN 0132-9634

**Джамиля Мелесова**



Заманцояй

Юбилей

ВатIанцоял

ГIадамал ва къисматал

ШигIрияб бокIон

«Женщина Дагестана»
***на аварском языке***
№ 5/2024
***Учредитель:***
Агентство информации и печати
Республики Дагестан
***Главный редактор***
Х. А. Шамилова j-dag@mail.ru
***Редакционная коллегия:***
***заместитель главного редактора***
С. Х. Булгаева sulgi65@mail.ru
***Ответственный секретарь***
Н. М. Керимова kerimk@mail.ru
***Редактор русского выпуска***
Г. Х. Асадулаева musaeva_gulnara@mail.ru
***Редактор аварского выпуска***
Б. Ш. Мухидинова bahu4y@mail.ru
***Редактор даргинского выпуска***
П. Г. Вагидова vagidova.2024@mail.ru
***Редактор кумыкского выпуска***
П. Х. Хайбуллаева bike-1970@mail.ru
***Редактор лакского выпуска***
А. Ю. Абдурахманова delia25@mail.ru
***Редактор лезгинского выпуска***
Н. Н. Ибрагимова shikhnabieva1981@mail.ru
***Редактор табасаранского выпуска***
С. М. Исрафилова suvaynat@mail.ru
***Корреспонденты:***
А. Тажудинова
В. Ратенкова
Р. Бакидов
***Заведующая редакцией***
С. М. Гамзатова
***Художественный редактор***
Г. А. Курбан-Адамова guleymat@mail.ru
***Адрес редакции и издателя:***
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
j-dag@mail.ru; zhenshina_dag@e-dag.ru
Журнал отпечатан в типографии:
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
***Телефоны редакции:***
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
Официальный сайт
журнала «Женщина Дагестана»:
женщинадагестана.рф
Дата выхода в свет 29.10.2024 г.
Формат бумаги 70 х 100 1/16.
Объем: 5,5 усл. печ. л.
Заказ № 1001. Тираж (3550) 571 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г.
Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.

***Арт-директор*** – Моллакаев М. Ю. (MagHazar)
***Фотограф*** – Курбанов Б. Д.

# *Журналалда руго:*

2. Ишалъулай чIужугIадан
***Авиакатастрофаги, карьераги, киналъего жигарай Джамиляги***

6. Заманцояй
***МугIалим Зайнап***

10. Юбилей
***Кидаго вукIана шагIирлъун***

12. Заманцояй
***«Цебе чIолаан рекIелъе бортулеб ва бахIарчияб учительницаялъул сипат»***

17. Дир Дагъистан
***Темиргъой***

18. ВатIанцоял
***«Добго жоха, амма паранг мацIалда»***

22. Юбилей
***СтIал Сулейманил гIумруялдаса тIанчал...***

24. МахщелчIужу
***ГIумруялда чиясухъа кинабго бажарула...***

28. ГIумруялдаса лъугьа-бахъин
***Дир лъималазул эмен!***

32. Россиялъул ГIелмабазул Академиялъе – 300 сон
***Руччаби гIелмуялда***

34. Эбелалъул къоялде
***ТIаса лъугьа, эбел***

39. ШигIрияб бокIон
***Наби ГIисаев***

42. Лъималазе цIализе
***Церги чакъалги***

44. Заманцояй
***Щивасе кьезе ккола гIумруялъе рес!***

48. ГIадамал ва къисматал
***Жиндихъе тIадруссине бокьулей гIадан***

52. Инсан
***ХIалтIи гуро – рекIел ахIи...***

***POST scriptum***

57. ***Что думают мужчины (когда им нужно написать колонку о женщинах)***

58. Советы юриста
***Не попасть в сети!***

60. Советы психолога
***Род. Его значение и воздействие на жизнь и судьбу человека***

62. Выставка
***Мир, сотворенный тобой...***

На обложках:
I –Джамиля Мелесова
III – Сабина Салихова. «Материнство»

Редакторасул калам

# *Бихьиналги руччабиги*



Журналалъул гьаб номералда ниже-ца бахъулеб буго Руслан Бакъидовасул «Бихьиназул пикраби», – йилан абураб макъала. Руччабазул хIакъалъулъ, махсароги хIалае ккун хъвалеб букIин хIисабалдеги босун, гьанже заманалъул гIакъил хъвадарухъан Даниил Андреевасул авторитеталде тIадеги яччун, дие хъвазе бокьун буго руччабазул рахъалдасан гьесие жаваб.

ТIадегIанаб творчествоялъул рахъалда, – йилан хъвалеб буго Даниил Андреевас, – нилъеда дунялалда бихьулелдаса кинабго гIаксалда буго: гьениб сундулъго байбихьи чIужугIаданалъ лъола, гьелъул щиб букIаниги бихьинчияс лъугьинабула. Бихьиназул ботIролъеги рекIел тIиналдеги руччабаз тIинкIула батIи-батIиял гьезул асарал ва гьунарал тIатинарулел пикраби, гьелъ бихьинал цере тункула. Аза-азар соназ дунялалда бихьиназул къуват, хIинкъи гьечIолъи, беркъангутIи, пахрулъи, бахIарчилъи, согIлъи, рагъизе хIадурлъи рикIкIунаан тIадегIанаблъун. БичIчIизе ва къабул гьабизе захIматаб кицигицин буго испаниязул «Бихьинчи вахIшияв вукIине ккола», – йилан. Ракьалдаса рагъ тIагIараб заман гьечIо аза-азар соназ. Бихьиназул согIал ракIаз ва гьезул таваккалалъ. Цо-цояз руччабазул вахIшилъиялъулги бицуна. Вай Аллагь, чингизханазул, тимуразул, наполеоназул, якобинцазул ва цогидалги бидул гIорал чваххарал рагъал руччабазул нухмалъиялда гъоркьищ рукIарал?! Тарихалда руго вацал чIварал, лъимал чIварал, загьру кьун гIадамал хвезарурал руччаби. Амма цониги чIужугIаданалъул вахIшилъи бахунаро Тиберийгун Нероница, Ассаргадонгун Алла эд-Диница, Торкведамгун Пизарроца, герцог Альбагун Робеспьерица, Грозныйгун Скуратовас, Гитлерица… дагьалги рикIкIун пайда гьечIо – гьазул вахIшилъиялде.

Кидаго бицунаан, бихьинчи гуревги, чIужугIаданги йикIине кколила бахIарчияйилан. ГIумрудул захIмалъабазде данде къеркьейлъун бичIчIулеб бугони БахIарчилъи – гьедин буго. Руччабазул рукIунел хасияталги ракIтIеренлъиги рикIкIинчIони, киназего рекIел хинлъи бикьизе ва кумекалъе йортизе хIадурлъи – гьел руго бихьиназулъги рукIине рекъарал хасиятал. Нилъеца гьанир руччабиги бихьиналги данде кколел гьечIо. Аллагьас киналго лъикIал рижун рукIин якъинаб жо буго. Нилъеца бицунеб буго руччабазул ва бихьиназул ишалги мурадалги жидеего хасиятал ругилан. КIиялго рекъон хIалтIани – букIина дунялалда талихI!

Хамис Шамилова,  
*бетIерай редактор*


Джамиля
Мелесова

# Авиакатастрофаги, карьераги, киналъего жигарай Джамиляги

***ГIажаибаб заманаялда гIумру гъабун буго нилъеца. Бажаризе кколеб буго, хIалтIуда цадахъго, руччаби рукIинги кIоченчIого букIине. Гьеб киналдаго гьоркьоб баланс кквезе захIматаб иш буго.***
***Автономияб, коммерциялъулаб гуреб «Финанс-Групп» гIуцIиялъул директор Джамиля Мелесовалда балансалъулги, бухгалтерасул учеталъулги, чIахIиябгун гIиси-бикъинаб бизнесалъулги кинабго лъала ва цогидаздаги малъула.***

Жиндирго гIумруялда Джамиляца тIубазабула: «Дуего бокьулареб чидае гьабуге ва дуего бокьулеб гIадаб букIинабе цойгидаздехун бербалагьи» абураб къанун.

Джамиля Мелесова йиго жигарай инсан. Ишалъулал бухьенал, адаб, имидж, кIудиял тадбирал тIоритIиялда хIалбихьи, батIи-батIиял гIадамалгун чанго мацIалда гара-чIвариял. «Щиб букIаниги гьабулелъул, мун гьеб ишалде гъорлъе 100% жувазе ккола», – ян рикIкIунеб буго гьелъ.

Джамилял бихьиялда, ишалъулай чIужугIадан – захIмат бокьулей, жиндаго ракIчIарай, мурадалде щвечIого чIоларей, ас бугей йикIине ккола. Джамилял руго ракIгъеялъе ишалги: гьалъул гьудуллъи буго спорталъулгун ва гIемер цIалдезе бокьула...

Джамиля ккола Гъуниб районалъул Сугъралъа. Байбихьул школа гьелъ лъугIана районалда, хадуб, цIи гьабун гIуцIиялъул заманалъ, гьезул хъизан бахъана МахIачхъалаялде. Школалда йикIана лъикIай цIалдохъанлъун, хасго рокьулаан хIисабалъул, физикаялъул дарсал. Джамилял эбел ккола экономист –гьелъ жакъа къоялдаги финансовиябгун экономикияб колледжалда кьола дунялалъулаб экономика ва экономикияб география. Мунагьал чураяв эмен вукIун вуго фотографлъун, художниклъун, школалда черчениялъул мугIалимлъун. Доб заманалда, цIикIкIунисезда гIадин, гьесдаги кIун гьечIо живго ватизе, цIигьабун гIуцIиялда рекъезабизе ва Мелесовазул хъизаналдеги щола, кесказде тIутIун хутIараб гучаб СССРалдего гIадин, захIматаб заман. Лъимерлъуда квешго унтула Джамилял вац ва гьесие дару-сабаб гьабизе гIемераб гIарац хIажат букIана. Лъабго хIалтIуда хIалтIун бетIербахъиялда йигей эбелалъе кумек гьаби тIаде ккана Джамиляде.14 сон барай гьелъ ричизе режулаан картошкадулъ пирожкаби.

***– Ричун унел рукIаниш рухIилаго пирожкаби?***

– Инарищха. Нижер букIана картошкаялдаса хъал хехго бахъизе квегIенаб тIагIел. Бетарахьалда хира чIолеб букIун, ругьунлъана реччуда ролъ буцизе. Заманалдасан нижеца босана даран-базаралъе контейнер, хадуб дида кIвана кафе рагьизе! Гьеб нухда дида захIмалъаби

дандчIвалаан. Цадахъго ругьунлъизе кколей йикIана хIажатал документал гьаризеги, штрафал, налогал, госпошлинаби кьезеги...

Дида кIвана эбелалъе кумек гьабизе гуребги, Москваялде цIализе ине гIарац нахъе лъезеги. Школа лъугIун хадуб, дун ДГУялде йорчIичIо. Дир лъай-гIакълу гIечIо Дагъистаналъе... ва дун къокъана Москваялде.

***– Кинха дуда дандчIвай гьабураб Москваялъ?***

– Доб кициялда абухъе, ратIлихъ балагьун дандчIвана, гIакълуялъухъ балагьун нухда регIана. Доба дица ункъо бакIалде: Плехановасул, РУДН, Росдал магIишаталъул академиялде, РФялъул ХIукуматалда цебесеб Финансовияб академиялде кьуна документал ва киназдего йорчIана. ТIаса бищана бищун учузаб общежитие жиндир букIараб (моцIрое 8 гъурущ) – Финансазул академия. БитIараб абулеб буго халкъалъ – Москва магIида божуларин! Кодоб бугеб гIарац бащдаб лъагIалиениги гIелин йикIарай дихъа, гьеб моцIидего лъугIана...

Дида бичIчIана Москваялда чIаголъи гьабизе кколеблъи ва ана уборщицалъун хIалтIизе. Сордо бащалъаралдаса рогьинегIан чурулаан тукен, хадуй унаан дарсазде. Къаденахъе букIунаан кьижизе заман. Столоваялда кванaзе кIолароан – хираго букIун, хехго белъунеб лапшаги кванан йикIунаан.

Цо къоялъ гьедин якъун йикIаго, дида ракIалде ккана, щай дун гьадин хъарцинлъиялда гIумру гьабун йикIине ккolебан. Хисана хIалтIи, яхъана курьерлъун. Москваялда 4-абилеб курсалдасан, къаси-къаси цIалун, киналго хIалтIула. Дагъистаналда эбел-инсул горбода рекIун ругьунал руго!

Дирго махщалида рекъон хIалтIи хIажат букIана дие. КIинусго нухалъ хIалтIуде йосизелъун гара-чIвариялде хьвадана дун! Ахириселда дида гьикъана 1С программа лъалищан. Лъалилан абуна дицаги, бер чIван бихьараб жо гьеб букIинчIониги. Кадровиказ кьолелщинал суалазе, дида цебесеб хIалбихьиялдалъун лъалел рукIиндал, рекIехъе лъазарун рукIана жавабал. Туркиязул бакIал ралезул компания букIана доб. ХIалтIуде яхъараб тIоцебесеб къоялъ щиб гьабилебали лъаларого йикIана. Харжин абуни доба, дир курьералъулаб 3 азаргоялде данде, 9 азарго гъурущ букIана. Цадахъ хIалтIулелда гьарана гьабизе кколеб малъеян, хIалтIул къо лъугIилалде дида бичIчIана. МоцIидасан дун тIамуна бетIерай бухгалтерлъун, лъабго моцIидасан кураторлъи гьабулаан 12 бакIал рале-



зул площадкаялъе, цо кIиго лъагIалиде компаниялъул управлениялъул бетIерай бухгалтерлъун яхъана.

Дир букIана гIицIго 25сон...

Москва буго гIумру гьабизе гуреб, хIалтIизе кколеб шагьар. Дунги, хIалтIун щвараб хIалбихьигун, нахърателгун тIадюссана МахIачхъалаялде. Кумек гьабуна эбел-инсуе, 2010 соналде щвезегIан хIалтIана МФЦялда. Цинги дун цо лъугьа-бахъиналде гьоркьое ккана – лъагIалица сахлъиялда тIад хутIана. Киназдаго ракIалда батила доб 2010 соналъ Москваялдаса МахIачхъалаялде боржунеб букIараб самолет «Домодедовалда» рещтIун, кIихьи бекараб авария? 2 чи къадаралде щун вукIана, 80-ял лъукъа-къотIун хутIана. Къисматалъул хъваялдалъун, дунги доб самолеталда йикIана...

***– Кин авиакатастрофаялдаса хадуй рукIалиде ячIарай?***

– Киналго гIадин. Бокьун букIана кIочон тезе, амма бажарулеб букIинчIо.

***– Нахъойги хIалтIийищха?***

– Дица дирго иш байбихьун букIана гIемерал соназ цебе, дирго гIумру лъикIаб рахъалдехун хисизабизе букIараб гъиралъ. Доб мехалда дун Дагъистаналда лъалаан ва гIемерал чагIи, бизнес рагьиялда хурхарал малъа-хъваязда хадур дихъе рачIунаан. Дица рагьана бухгалтерзаби цIализариялъул центр. Гьанже дир буго махщалилал хIадурулеб «Финанс-групп» компаниязул къокъа. Жакъа лъикIал кадрал хIажат руго финансовияб экономикаялда ва юриспруденциялда. Нижер букIуна, цIалун лъугIун хадуб, нижерго ва цойгидал компаниязде хIалтIизе лъугьинари. Гьелда тIадеги буго республикаялъул бухгалтерзабазул къокъа, жинда жаниб бухгалтерлъиялъулаб, налогазулаб учеталъул хIалбихьи, хIалтIулел бакIазул баянал цоцахъе кьолеб. Гьабулеб ишалдаса лазат босизе лъай ккола бергьенлъиялъул аслулъун.

***– Дурго хасаб гIумруялъул щибха?***

– ГьабсагIат гьеб рахъалъги дун лъикI йиго. Дир вуго хIатталдаса ун цIакъав бетIергьанчи Юсуп Юсупов, лъикIал вакьад-якьад. Юсуп ккола дир ракьцояв, нижер лъай-хъвай ккана гIагарал чагIазул ригьин-цIа гьабиялда. Гьесда лъала



чанго мацI, хIалтIулаан МИДалда таржамачилъун. Дагъистаналде вахъиндал, нухмалъи гьабулеб буго регионалияб лъайкьеялъул централъе. Нижер жеги лъимер гьечIо, Аллагьасул хъвай батани, гьелги рукIина.

Гара-чIвариялъул ахиралда Джамиляца лъазабуна, гIумруялда кинабго: хъизан, рукъ, лъимал, сверухъ ругелгун лъикIал гьоркьорлъаби, чIужугIаданалда бараб бугилан. Гьелда лъазе кколила киб кIалъазе бегьулеб, киб юцIцIун чIани лъикI, киб лъим тIезе, киб бацIцIине кколебали. Гьелъ руччабазе гьарана гIакълуги, сабруги, жалго рокьизе ругьунлъиги.

– Цебе дида дунго диего йокьизе лъалароан, гьеб дида росас малъана. Цойги дун ругьунлъана дунго цIунизе, адаб гьабизе, цеетIезайизе. Гьедин гурого кIоларо нилъерго цересезеги кумек гьабизе. ТалихIай чIужугIаданалда сверухъ киналго талихIал рукIуна! Дун йохарай йиго нилъер улкаялда церехун ине, бизнесалъул болъодухъан хIинкъичIого тIаде рахине бажари бугел руччаби рукIиналдаса!

***Виолетта Ратенкова***

Зайнап
ГIалиева



# МугІалим Зайнап

***Буго гьелъул согІаб ва цадахъго хІеренаб балаялъулъ, рихьдае гуреб, гъваридаб эбеллъиялъулаб къуваталъул сипаталъулъ цо кквезе кІолареб асар гьаби.***

*МугІалималъул нух...*

Зайнап МухІамадтІагьировна ГІалиева Гъоркьа Гъазданиуши гІемер профилазулаб лицеялъул директорасул лъай кьеялъул рахъалъ заместитель, жинда хІалтІулги гІолеб гІелалъе тарбия-лъай кьеялъулги къимат лъалей, къуватай инсан.

– Лъеберго-кІикъого соналъ цебего гІадин, гьанжеги лъимал батІияль руго, – ян гьимулей йиго педагог, – гьабсагІатги жидерго мугІалимасул адаб гьабула гьесул гІакълу-лъаялъухъ, лъималгун гІаммаб мацІ батизе гьунаралъухъ балагьун. Гьай гьурмалъан хисун ячІуна лъималазул бицунаго –гьалда лъала лъимадул жанисеб дунялалъулги гьезул гІелбащадазулгун гьоркьолъабазулги.

– Дун гьаний гьаюрай, гІурай гІадан ккола. Эбел-педагог, эмен-ихтиярал цІунулезул мухъилъ, гьел рукІана унгоунгоял коммунистал, битІаралда гурого рекъоларел.

ДГПуялъул химиялъулгун биологиялъул факультеталда цІалулаго, гІагараб росулъ босана практика, кІиго соналдасан, цІалун яхъун хадуйги юссана ватІаналде, гьанир педагогал хІажат рукІинги лъан.

– Дир къатІраниги щаклъи букІинчІо дун дирго бакІалда йикІиналда, – ян бицунеб буго Зайнап МухІамадтІагьировналъ, – Дие дарсил предмет кидаго букІана гІелмиябгун цІех-рехалъулаб хІалтІи, гьединлъидал ФГОСал раккидал, дун гьираялда цІияб ишалде яна.

*Цебесеб цІунулаго...*

– Дие кидаго бокьун букІана росабазул школаздаги цогояб лъай кьеялъул къагІида букІине, ай рикІкІадал бакІазда гІумру гьабун ругезеги хадубккунисеб лъай лъикІаб щвезе ресал кьезе.

Щибаб дарсида Зайнапица проекталъулаб ва класс тун къватІибехунисеб хІалтІуде кІвар кьола, цІалдохъабазулъ цІиял технологиялгун коммуникациялги хІалтІизарун, жидецаго цІияб-лъикІаб балагьизе гъира базабизелъун.

Гьалъул ишцояз Зайнап рикІкІуна жиндирго захІматалъул культура, ишалъулаб ахІвал-хІал гІуцІизе гьунар жиндилъ бугей школалъул ва районалъул лъикІал педагогаздаса цояйлъун.

Гьай гьимана: – Дун цІакъ согІай мугІалимха. Дир лъималазда гьеб бичІчІула – дун гьезие гІицІго мугıалим гурей, насихІатчІужу, лъаялъул дунялалде гьел рачуней гІадан ккола.

Зайнап МухІамадтІагьировналъул буго, методикияб хІалтІи бачине, хІалбихьи цойгиязухъе кьезе рес кьолеб, тІоцебесеб педагогикияб категория.

КІикъого соналдаса цІикІкІун соналъ Зайнап ГІалиевна йиго лицеялъул тарбия кьеялъулаб хІалтІул рахъалъ заместительлъун. Гьелъул захІматалъулаб портфолиоялда руго гІемерал авторалъулал хІалтІаби. Махщел камилай педагогалъул цІалдохъаби бергьуна районалъул ва республикаялъул олимпиадабазда, ишцояз абула гьелъул щибаб къойилаб хІалтІуца, жиндего жавабчилъиялъ бижараб бугин

лъималазул учителалде божиян. Гьезда гьоркьор руго Зайнап ГӀалиевналъул «Лъайкьей» миллияб проекталда цӀияблъикӀалъулги мугӀалимасул махщалил кӀвараллъулги бицарал рагьарал дарсалги, гургинал столалгун семинаралги.

## *РухӀияб профориентация...*

ЧӀухӀигун бицунеб буго педагогалъ жиндирго цӀалдохъабазул.

– Дир кидагосеб анищ букӀана районалда нижехъаго махщалилал, гьездаго гьоркьор тохтурзабиги хӀалтӀи. Дир лъималаз гьел хьулал гуккичӀо. Районалда тохтурзабазул гӀунгутӀи гьечӀо жакъа.

ГӀолилал гьесизаризе ккола, гьелде буссараб буго профильнияб лъайкьей. ЗахӀмат ккола тарбия кьеялда кӀвар бугеб бутӀа. Гогьмаби гуро гӀезаризе кколел, жидерго хъизамалъе, росдае, районалъе пайда бугел цӀодорал гӀадамал.

Лъимералда жаниб бищун цеве инсан вихьизе ккеялда ракӀчӀун буго педагогалъул. Гьесул рухӀияб рахъ лъай жиндирго мурадлъун бихьулеб буго гьелда.

– Ниж щугоял рукӀана хъизамалда. Щивасулъ умумуз куцана гӀагараб халкъалде, ватӀаналде рокьи, гьелдаса кӀвар сундул букӀинеб?! Зайнап МухӀамадтӀагьировналъ захӀматалъулаб тарбия рикӀкӀунеб буго инсан гьавиялъул байбихьилъун. – Росасги дицаги нахъа тана захӀматаб, амма ракӀбацӀцӀадаб гӀумру. БетӀергьанчи ГӀусман хӀалтӀана бакӀалъулаб совхозалда бригадирлъун, гьабсагӀат вуго районалъул горводоканалалда. Дун гӀумруялъ мугӀалимлъуда. КӀиго васги ясги гӀезаруна. ЦӀализе гьел лъикӀал рукӀана, нижер рецц-бакъги гьезие кӀудияб сайгъатлъун букӀунаан. Нижеца лъимал гогьдаризаричӀо. ЦӀикӀкӀаразда цадахъ хӀалтӀулаан гьел, сундего гӀайибал чӀвачӀого. Яс дир нухдасан ана, гьелъул цадахъ хӀалтӀулезул рагӀабазда рекъон, гьей лъикӀай педагог йиго. Гьелъул лъималаз китаязул мацӀ лъазабулеб буго.

## *«Ниж Дагъистаналдаса руго...»*

ГӀалиевазул цо вас СВОялда къадаралде щвана. Гьелъул гьикъизе кӀоларого дун йикӀаниги, гьеб кьогӀаб хабарги гьоркьоб хутӀичӀо. ГӀалиевазе жидер вас накълулъараб СВО хӀакъикъаталъул лахӀзат ккола.

Зайнапил гьитӀинав вас СагӀидие гьитӀинаб къоялдаса нахъе ритӀухълъиги загӀипал цӀунизеги бокьулаан. Экстерналда школаги вузги лъугӀун, хӀалтӀилев вукӀана школалда информатикаялъул учителлъун. Армиялда хъулухъги тӀубан, кӀудияв вацасго гӀадин, бищана контракталъулаб хъулухъ. Цин вукӀана Болъихъ, хадуб-Абхазиялда. Цересезул кьерулъ ана Россиялъул цӀиял областазул ракьалде.

Зайнап МухӀамадтӀагьировналда ракӀалде щвана, ВатӀан цӀунулезул Къоялде ролик хӀадурулей йикӀараб къоялъул сардида гьитӀинав вас СагӀидица бачӀараб: «Радал дун бухьеналде вачӀинчӀони, байбихьун букӀуна», – ян къокъаб смс. Гьелда цебе гьес рокъосезухъе хъван букӀана: «ЦӀукӀа ва хиянатчи... ТӀокӀаб батӀияб рагӀи абизе бачӀунаро дир, буюрухъ тӀубаялдаса, жидерго постги тун тӀурахъдулеседа. Нечола бакӀалъулал гӀадамазул мугъзада нахъа рахчарулезул хӀалихьалъиялдаса. Гьаниб нижеда бихьараб ва лъараб бихьугеги нижер лъималазда, хадусел наслабазда. Дун ахиралде щвезегӀан ина. Унгеянги гьардоге»...

Мариуполалда СагӀид тӀоцебесеб нухалъ лъукъана, амма санчасталде гьев унаро. Вихьизавун вукӀана «За боевые отличия» медалалъе, Жуковасул медаль кьунго букӀана. Попасный шагьаралда гъоркь нахъойги лъукъула, амма гьесда гьаб нухалдаги кӀоларо «нилъералго» рехун тезе. Цадахъ рукӀарал васазда гьес лъарагӀалъ «мени яшларым» («дир лъимал»), – ан абулаан. СВОялда бараб анкьго моцӀида жаниб гьес офицерасул погоналги киданиги рахьичӀо.

2022 соналъул 7 сентябралда иргадулаб рагъулаб буюрухъ тӀубазе арав СагӀид, нахъе къаян, солдатал цӀунулаго, живго тушманасул цӀадукье ккана...




2022 соналъул 9 ноябралъ къватIибе араб РФялъул Президент В. Путинил Указалдалъун, лъабабилеб танказул батальоналъул ичIабилеб танказулаб ротаялъул тIоцебесеб взводалъул командир СагIид ГIалиев, хун хадув, БахIарчилъиялъул орденалъе вихьизавуна. БахIарчиясул хутIана чIужу Садияги ясги Самираги. Эбел-инсуца бахIарчилъиялда къабул гьабуна кьогIаб хабар. СагIид гьезие кидаго чIагоялъ вуго.

Гьел чIухIула жидерго цIикIкIарав вас Солтанидасаги.

– Гьев лъикI цIалулаан. Додинго экстерно школаги лъугIизабун, вахъана юристлъун. Хъулухъ гьабуна Карелиялъул гIорхъалаби цIунулезул аскаразда, судалъул приставазул хъулухъалда, щвана классалъул чин. Хадуб къотIи-къай хъвана РФялъул яргъилал къуваталгун. 2022 соналдаса нахъе вукIана Россиялъул цIиял областазда, гIахьаллъана СВОялда рагъулал тунка-гIусиязда. Взводалъул командир лъукъун хадуб, личный состав хIинкъи гьечIелъубе бачана гьес, жиндего тIаде командирлъиги босун.

Щвана контузия. Бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ кIодо гьавуна БахIарчилъиялъул орденалдалъун. Солтан ГIалиевасул буго бахилаб хъизан – лъабго лъималги лъади Равзатги.

ГIалиевал рохизарулел руго анлъго яс ва цо вас – сибтIаз. ГIумру унеб буго, кIодолъулеб буго ГIалиевазул, ватIан хириял наслаби гIезарулеб, тухумги. Школалъ, гьудул-гьалмагълъиялъ, хъизамалъулал тIадал ишаз гIодоцинабуларо унти. Амма тIамула къисматалда цере къвакIизе, чIагоязда гьоркьор рукIине.

МугIалим Зайнап ГIалиева, гIолеб гIелалъе кьураб тарбия-лъаялъухъ, мустахIикълъана гIемерал шапакъатазе, ккола Россиялъул гIаммаб лъай кьеялъул хIурматияй хIалтIухъанлъун. Щиб жубалеб цоги бицараб щиналде? ЦохIого: «МугIалим, дур цIаралда цебе...»

***ГIайшат Тажудинова***



# Кидаго вукIана шагIирлъун

***Дагъистаналъул Халкъияв шагIир, Пачалихъиял премиязул лауреат Анвар ГIабдулхIамидович Аджиевас исана балаан 110 сон. Гьесул творчествоялъе кIудияб къимат къуна советияб литератураялъул классикал – Николай Тихоновас, Расул ХIамзатовас, Къайсын Къулиевас ва гьел гурел цогидалги шигIрияб рагIул устарзабаз.***
***Машгьурав адабияталъул гIалимчи, Дагъистаналъул Халкъияв хъвадарухъан Камал Абуковасул пикраби кьолел руго жакъа нижеца журналалда.***

* * *

Цоцаца тункун цере унел поездалъул вагонал гIадин, унел руго гIумрудул моцIал, сонал. Нухда бакI-бакIалда дандчIвалел руго: рохел, къварилъи, ракIхвей, талихI, камиял ва цогидалги гIаламатал. Гьеб кинабго жуба-гъубан, кинабго лъикI бугеб гIадин кколеб буго, «гIамм гьабун босани, кинабго лъикI буго, ругоха, гIодоре риччан, кIвараб-лъараб гьабулел», – илан рагIабаз кинабго жанибе бачунеб буго. Амма Анвар Аджиев

нилъедаса ватIалъидал, дида творческиял хьулазул кьер анин, цо бакI тIун анилан кколеб буго.

КIудияв инсанасул дунявияб нух лъугIана. Киданиги свак лъаларев гьесда Костекалъул ракьулъ хIалхьи батана.

Гьев ракIчIун вачIана 30-лел соназ литератураялда жаниве ва, шагIирлъиялъул тIогьивги, щивго къватIиве тункизе, жиндиего бакI бахъизе лъугьинчIо. Анвар Аджиев вукIана, живго вихьизавулев гурев, унго-унгоги гIумруялда ва литератураялда гьединав вукIарав интеллигенциялъул вакил. Гьев вукIана жиндир заманаялъул шагIир: горалдаса къватIиве кIанцIуларев, реформаторасул, революцилонерасул, дагьабги цIакъ оппозиционерасул ролал хIазе лъугьунарев.

Циндаго батIиял жал хъвазе ва рицине лъугьун, машгьурлъизе захIматаб жо гуро. Амма машгьурлъиялъе захIматаб нух тIаса бищана Анвар Аджиевас: гьес хъвалаан цогидазги хъвалелъул хIакъалъулъ, амма батIаго, цохIо жиндиего хасиятаб къагIидаялъ.

Гьесул творческияб гъотIол чанго гIаркьел букIана: лирикиял ва лъималазе кучIдузул, сатириял ва махсародул асарал, таржамаби. Анвар Аджиевасул рекIелъе роргулел рокьул кучIдул «КIаз», «Унаго, нахъегIаги юсса», «РикIкIадаса кагътал», «ЧIегIерал берал», поэма «Кайсар Калабузаров», лъималазе маргьа «ХъахIаб ордек» – гьел руго лъарагIазул литератураялда жаниб жидеда релълъарал ратизе захIматал асарал.

Буго цоги нилъеца гьоркьоб биччараб рахъ гьесул творчествоялъул – театрги поэтги. Анвар лъарагIазул театралъул коллективалъе кидаго вукIана жидерго чилъун. ЦIаррагIарав шагIир ва рагIул устар хIисабалда гуревги, гьес театралъе лъарагI мацIалде буссинабуна дунялалъулго классикияб драматургия. АнцIгоялдасаги гьесул пьеса ана театралъул репертуаралде.

Творческиял рукъзабахъ хIухьбахъи гьабизе лъачIев, творческияб отпуск щибжояли бичIчIичIев, Республикаялъул даражаялда цониги творческияб вечер гьабичIев, юбилей тIобитIичIев,



цониги том бахъичIев, гIажаибав чи вукIана Анвар Аджиев.

Гьев – хъвадарулеб столалда нахъаги, хъизаналъул сверудаги – кидаго вукIана шагIирлъун. Хвалил унтиги чIван, рокъов вугев мехалъгицин, цо данделъиялдаса векерун рокъове щварав гIадин, костюмгун галстукгун къачIан вукIунаан гьев.

Дида ккола нилъеца жеги Анвар Аджиев ва гьесул творчество рагьичIилан. АскIов гьев вугеб мехалъ, нилъеда бичIчIичIо щивгун хIалтIилел ругелали, щивгун кIалъазе талихI нилъер бугебали, лъихъа дарсал росизе рес бугебали. Бищунго рекIеда унтулеб – нилъеда щив нилъедаса ватIалъаравалицин бичIчIичIо.

***Камал Абуков***



# «Цебе чӀолаан рекӀелъе бортулеб ва бахӀарчияб учительницаялъул сипат»

***Татьяна Гамалейица гӀемерал соназ дарсал кьуна ДГУялъул филологияб факультеталда, йикӀана МахӀачхъалаялъул администрациялъул бетӀерасул заместителлъун, щуго соналъ нухмалъи гьабуна Дагъистан Республикаялъул миллияб политикаялъул министерствоялъе, гьабсагӀат хӀалтӀулей йиго «Дагъистан» журналалда. Гьаб бакӀалда бетӀер кӀибикӀизе бегьилаан: «Бихьулищ, цо-цоязе жигарги лъайги гӀолеб бугеб куц гьебщинаб батӀияб бакӀалда хӀалтӀизе», – ян. Амма нижеца батӀияб нух тӀаса бищана ва хӀукму ккана, гьелъул хасаб «квешал студентазул» ва «гучаб руккалил»(могучая кучка) сияхӀазде щал ккун ругебали лъазе, жийго Татьяна Владимировнагун интервью гьабизе.***

***– РакIалда бугебищ преподавательлъиялъул нухда дурго тIоцебесеб дарс?***

– ТIоцебесеб ракIалда гьечIо, 35-гIан сонлъидалха ун бугеб! Амма ракIалда буго, дарсил материалги лъугIун заманги лъугIичIого, щиб гьабилебали лъарого хутIилилан дирго букIараб хIинкъи. Аллагь гурхIана.

***– 90-абилезул ва 2000-лезул студентазда гьоркьоб батIалъи бихьанищ?***

– Дида ккола, 90-абилел лъугьанин филфакалда къуватал курсазул ахирисел соналлъунилан, доб мехалъ киналгогIадин цIалулаан лъикIго ва тIокIлъиялда. 2000-абилез байбихьана халкъалъул батIиял регионазде, улкабазде гочин. ГIемерал лъикIал махщалилал, гьездаго гьоркьор мугIалимзаби гьаниса нахъе ана. Шагьаралъул халкъалъул гIуцIи хисизе лъугьиндал, хисана студенталги.

***– Мунго ВУЗалда цIалулел 70-80абилел соназ кинал гьел рукIарал? Кинаблъун ракIалда чIараб студентазулаб гIумру?***

– Нижеца хIакъаб талихIлъун рикIкIунаан факультеталде цIализе рорчIи. Преподавательзаби рукIана гьайбатал, гIакъилал. Студенталги гьезда рекъон хьвадулаан, нечолаан щиб букIаниги жидедаго лъалеб батичIони. ГьалдолеƄ букIунаан жамгIияб гIумруги: модаялда рукIана гIолилазул театрал, байбихьулеб букIана КВН. Студентлъиялъул щуго соналда жаниб ниж гIахьаллъана фольклорияб экспедициялда (нижер группа букIана Лак район), щвана Краснодар мухъалъул пионеразул лагералде, хIалтIана Тюменалда стройотрядалда, Дербент районалъул машгьурал цIолбол ахазда, консервазул заводазда. Гьеб киналъго гIумруялъе кьолаан батIияб чваххи, лъалаан гIемераб батIияб-цIияб. Дица гIемер соназ толаан студентлъи букIанин дир гIумруялъул бищун лъикIаб, гвангъараб ригьилан. Гьедин бугизеги буго.

***– Преподавателасул хIалтIи бигьаяб иш гуро. Кин мун гьелда гьоркьое ккарай?***

– Кидаго бокьулаан гIелму малъизе. Цебе чIолаан советияб кинематографалъ бокьизабураб бахIарчияй мугIалималъул сипат, ва дида дунго гьейлъун йихьулаан. Нуж релъила, амма дица РикIкIадаб Севералда йигей директоралъухъецин кагъат хъван букIана, доя учительницалъун хIалтIизе дирго бугеб анищалъул. ТалихIалъ батила, дие жаваб щвечIо. ДГУялде хIалтIизе лъугьун хадуб, гIумру жеги интересаб, хIалуцараб лъугьун, школа нахъе къана. Ленинградалъги Ленинградалъул пачалихъияб университеталъги (дица аспирантура лъугIараб) і хIарпазда киналго тIанкIал тIад лъуна. Дирго гIагараб университеталъул фило-





*Владимир Владимирович «Дагестанская правда» газеталде хIалтIизе ахIиялда бан, Гамалеязул хъизан – эмен, эбел ва лъабго яс – 1971 соналъ Хасавюрталдаса МахIачхъалаялде гочана. Гъев цIакъ лъикI лъалаан республикаялъул журналистазул свериялда. Лъабкъоабилел соназ, Камал Абуковасда хадув, гьев хIалтIана Хасавюрталда бахъулеб «Гъудуллъи» газеталъул редакторлъун. Лъабкъоялда анцIабилел соназдаса байбихьун, лъебергогIан соналъ гьев вукIана республикаялъул аслиябилан абизе бегьулеб газеталъул жавабияв секретарлъун. Эбел – Мария Валерьяновна Поповалъ жиндирго профессионалияб гIумру байбихьана МГУялъул библиотекаялдаса. Гьезул букIана цIакъ гъункараб, берцинаб хъизан.*

логияб факультеталде нахъйиссин ва дие го дарс кьуразда цадахъ хIалтIизе щвей кIудияб талихIлъун ккана дие.

***– КIвелищ бицине дуего рокьуларел студентазул тайпаялъул?***

– Дир квешал студентазул рейтингалде ккола – кIвахIалал, сундулго агъаз гьечIел, кьураб рагIи (цIализе, сессия кьезе, битIизабизе) кколарел гIолилал. РукIана дир гьединал дунго нечарал студенталги.

***– Кинал, гьелъул гIаксалда, дуе рокьулел рукIарал?***

– ГIаммаб хIалтIуца гIагар гьарулаан цIакъ, дир гьудуллъиялъулаб бухьен хутIана дипломникалгун. Кидаго рокьула цодагьал батIиял гIадамал, жидерго пикругун, къисматгун. РукIуна гвангъарал, артистмахIал. Щибаб курсалда рукIунаан гьединал, хасго журналистикаялъул отделениялда.

***– Кинал пикраби ботIролъе рачIарал, МахIачхъалаялъул администрациялъул бетIерасул заместительлъун ахIараб мехалъ?***

– Дол рукIана бищун захIматал къоял, битIахъе стресс лъугьун букIунаан информациялъул гIемерлъиялъ. Амма пикруцоялгун тIуразе кIолел мурадал цере лъунани, хIалтIуе бигьалъи букIунеб буго.

***– Щуго соналъ миллияб политикаялъул министралъул хIалтIи, киналлъун гьел ракIалда чIарал дуда?***

– ХIалтIуде кIудияб гъира букIунаан. Гьоркьоб биччалин гIунгутIаби-захIмалъабазул, ракIалде щола гIицIго лъикIаб щинаб. Дица рикIкIуна доб мехалъ



нижеца битIараб нух тIаса бищун букIанилан – халкъалдаса рикIкIалъичIого, гьезулгун цIикIкIун хурхен, аскIор чIей. Хинаб рекIел асаргун ракIалде щола районазде, рикIкIадал росабалъе сапарал, «Кин вугев, мадугьал?», «Гьалбал» проектал.

Дол дандчIваязда гIемерал лъикIал рагIаби рагIулаан гIадамаздасан, жал макьидаса рорчIанилан, гIагарлъанилан, цоцазда рагIанилан баркала кьурал.

***– Миллияб политикаялъул тема цIакъго гъорлъе лъугьун рагьичIониги, цо суал буго туризмалда хурхун. Бице туризм цебетIеялъул ругел лъикIлъабазулги гIунгутIабазулги. ХIажат бугищ туристазе ратIлил гIорхъаби рилълъанхъизаризе?***

– Цо-цо европаялъулал улкабазул хьалбихьиялъ бихьизабухъе, бакIалъулаб халкъ свакалеб буго гьоркьоса къотIи гьечIеб туристазул чвахиялдаса. Кин босаниги, гьеб гIадатал гIадамазул гIумруялде гъорлъе лъугьин ккола. Амма,

«хIалтIи гьечIеб» регион хIисабалда, Дагъистаналъе пайда буго туризмалдаса: кафе-рестораназда, гостиницабазда, рекIелгъеялъул центразда, транспорталда – кирго хIалтIулал бакIал хIажат рукIунелъул. Дресс-кодалда хурхунги цоцазда ричIчIиялде рачIине ккела, нилъер ихтияр гьечIо ралъдахъе хIухьбахъизе рачIараздаса гвангъараб риидалил ретIел ретIунгеян тIалаб гьабизе, гьалбадеридаги лъазе ккела гьалулеб бакъукь черх цебе лъечIого рукIине. Гьедин цоцазулъ дагь-дагьккун махIги рекъела. Хас гьабун диего бокьилаан гIуцIа-кIутIи гьечIолъиялдасаги кьишни-къулалъул гохIаздасаги нечолареб хIалалде нилъер республика бачIине.

***– ГьабсагIат мун хIалтIилей йиго маданияталъ цIикIкIунисеб бакI кколеб «Дагъистан» журналалда. РачIа гьелъулги бицине.***

– РачIа. Амма «Дагъистан» ккола тарихалъулги, культураялъулги ва, хIатта, гIадамазулги, гьезул гIумруялъ цогидазул къисматазде гьабураб асаралъулги гьоркьоса къотIи гьечIеб бухьеналъул бицунеб журнал.

***– Концертал, спектаклял, церелъеял, адабияталъул ва киноялъул сардал... дур халгьабиялда, гьел тадбиразул кинаб цIикIкIун бокьулеб?***

– Гьаниб цо ккураб жаваб гьечIо. ТIоцебесеб иргаялда, батIи-батIияб ригьалъул гIадамазул батIияб букIуна сундего бербалагьи. КIиабизе, дир халгьабиялда рекъон, шагьаралда руго чанго анцI-анцI хъизамал, кIвар бугел тадбиразде рачIунел. АнцI-анцI гурел, нус-нус ругин танигицин, гьеб дагьаб буго миллионалъулаб шагьаралъе. ХутIарал щибулел, туркиязул сериалазухъ ралагьунищ? Цо музеялъул залалдасан цогиялде гочунел ратула гIемериселъ цого чагIи – доб дие бокьулеб шагьаралъулаб интеллигенция, кинабго лъазе бокьулел ва ракI бугездасан гIуцIараб «гучаб руккел».

***– ГьабсагIат щиб ишалда мун йигей, гIемер букIунищ эркенаб заман?***

– Заман, кидаго гIадин, гIолеб батуларо. Журналалда хIалтIи, архив гели, сапарал. Нижер телеграмалда бугеб «ГъутIбузул гьудулзаби» къокъаялъ хIаракат бахъула МахIачхъалаялда ругел щинал гъутIби цIунизе. Гьудуллъи буго шагьаралда машгьураб хъизамалъулаб



тIахьал цIалиялъул «ВЧ-group» къокъагун. Гьезул активалда гIемерал лъикIал ишал руго. Гьезда гъорлъ руго, анцIго соналъ цебего Мадина Манасовалъ ургъараб, «Куклоград» проекталъул гIахьалчагIиги. ЯсикIабазул церелъеял тIоритIула лъагIалил ахиралда, гьаб декабралдаги тIобитIизе буго Дагъистаналъул жидерго квераз ясикIаби гьарулел чагIазул ункъабилеб фестиваль.

ГьанжегIагар букIина «Тарки-Тау» тIахьазул анцIила цоабилеб фестиваль. Гьелъул гIуцIарухъан ва нухмалъулев ккола машгьурав журналист, хъвадарухъан, «Дагъистан» журналалъул редактор Марат ХIажиев. Исана гьелъул рахъ ккуна Россиялъул маданияталъул фондалъги. РачIине руго улкаялдасаго машгьурал издательствабазул вакилзаби, хъвадарухъаби, шагIирзаби. Узухъда, нижеца гьеб ишалъулъ бажарараб кумек гьабулебги буго.

ГIаммаб къагIидаялъин абуни, вихьизаве дида ракI гъоларев ва гьабизе жо тIагIарав инсан, дица бицина гьесда сундул цIезабизе бегьулеб сордо-къоялъул заманали.

***Руслан Бакъидов***



*Карина ГӀумаровалъул сурат*

# Темиргъой



Гьеб росдал цӀаралда жаниб бихьула гьелъул кинабго тарих. Гьеб бакӀалдасан унев вукӀана чияр ракьал рахъулев Тимур (Тамерлан, Темир-Аксак). КӀудияб захӀмалъиялда, къечоца холаго рачӀунел рукӀана гьесул рагъухъаби. Киса-кирго ракъван рукӀана лъарал, чӀороголъун рукӀана хӀорал, кидаго ратиларел хӀалалда рацун ва рахчун рукӀана иццул бутӀрул. Рекъав Тимурил амруялда рекъон, рагъухъабаца байбихьана нусго бакӀалъан ракь бухъизе, гьезул хӀаракаталъул хӀасилги ккана: анкьабилеб къоялъ гьезул щивасе щвана гьекъезе лъим. Чуяцаги варанабазги гьекъана лъим. Амма, жалго нахъе унаго, ханасул буюрухъалда рекъон, киналго гъуял, тӀаде ракьги бан, рацана.

Гьединан баккана Темиргъой абураб цӀар, гьелъул магӀнаги ккола «Тимурил гъуй» абураб. Гьениб, XIX гӀасруялъул ахиралда, Владикавказалъул маххул нухда баккула Петровский гӀаркьелалъул станция. I894 соналъ гьениб букӀуна цо аппарат Морзеги жаниб лъураб рукъ. Дагь-дагьккун Темиргъой лъугьуна унго-унгояб станциялъун, тӀоцере гьенире гӀумру тӀамизе рачӀуна маххул нухлул хӀалтӀухъаби, хадур гьенире рахъуна аскӀор ругел росабалъа гӀадамалги... Гьезул лъималазе бала школаги.

Гьеб бакI машгьураб буго гьелда сверун лъугьарал пашманал лъугьа-бахъиназги. I9I9 соналъул I8 августалда гьеб станциялда цебе хӀуригаталде (революция) данде чӀараб «мугӀрузулаб» хӀукуматалъ чӀвана Уллубий Буйнакскиясул бетӀерлъиялда гъоркь букӀараб, дагъистаналъул балъгояб большевиказул къокъаялъул гӀахьалчагӀи.

Уллубий Буйнакскияс рагъулабгун шаргӀияб судалда гьадинаб кӀалъай гьабуна:

– Дун гӀуна мугӀрузда ва дида лъикӀ лъала кигӀан захӀматаб гӀумру гьениб гӀадамазул бугебали. Нужеца дун чӀвазе бегьула, дун гӀадал аза-азаралги чӀвазе бегьула, амма нужеца чӀваларо нилъер халкъалъул пикрабалъ бессун бугеб аслияб пикру! Дир ракӀчӀараб буго Советияб власть бергьине букӀиналда ва дун хӀадурав вуго гьеб бергьенлъиялъе гӀоло гӀумру кьезе!

Гьеб вокзалалъул рукъалъул къадада жеги руго гулбузул лъалкӀал. Гьениб бан букӀана гьел революционеразе памятник. Ракьбагъариялъул хӀасилалда, гьеб биххун букӀана, нахъа гьеб цӀи гьабун къачӀана.

I970 соналъ Дагъистаналда ракьбагъарана, рукӀана гӀемерал риххарал бакӀалги. ТӀубараб улка бахъана кумекалъе. Темиргъоялде Харьковалдаса рачӀарал минаби ралел чагӀаз, маххул нухазул халтӀухъабазе рана микьго кӀитӀалал рукъзал. I974 соналъул ахиралде бана цӀияб школаги. Бана медпункт, библиотека, клуб.

Жакъа Темиргъоялда гӀумру гьабун руго кӀиазаргогӀанасев чи. Гьел чӀухӀула жидерго гӀадатияб гуреб тарихалдаса ва гьираялда бицуна гьелъул хӀакъалъулъ туристазеги.

*ХӀадур гьабуна*
*Гульнара Асадулаевалъ*



Джанет
Буччи

# «Добго жоха, амма паранг мацIалда»

***2007 соналдаса нахъе Джанет Буччи Франциялда гIумру гьабун йиго. Дагъистаналдаса тIадегIанаб модаялъул ва инкъилабазул улкаялде рахъиналъе багьаналъун лъугьана, анцIилаункъго сон барай Джанетил эбелалъе лъималазе Европаялда лъай щвезе бокьи. ГьабсагIат Джанет йиго кIиго бизнесалъул ва мал-мулкалъул фирмабазул нухмалъулей. Гьелъ хъвала тIахьал, рахъула суратал ва анищ буго кида бугониги Дагъистаналде ячIине.***

### *«РекIеда балаан дида «рузилан» рогьрал ралел ругин ккун»*

***– Жеги гьитIинай чIужуялъе кинаб асарха гьабураб Европаялъ?***

– Дида кколаан, доба кинабго лъикI бугин ва рацIцIадал къватIал, берцинал шляпабигун-сумочкабигун хьвадулел, къачIарал ясазул цIун ратилин.

***– ГIемерищ гьединал дандчIварал?***

– (Гьимулаго) ЦIакъ къанагIат. Французазе гьедигIан жидерго ретIа-къаялъул ургъел букIунаро. Парижалда кIиго район буго гIадамазе къачIадизе бокьулеб. Шагьаралдасан бусалъ ретIунеб ратIлилъ хьваданигицин ургъел букIунаро гIемерисезе.

***– ЦIиял классцояз кин къабул гьаюрай? Дозда Дагъистаналъул рагIунго батанищ?***

– Узухъда, лъиданиги лъалеб батичIо. Гьезул цо-цоязда Россия киб бугебалицин лъалеб гьечIоан. ГIемерисел французазул Россиялъул хIакъалъулъ мекъаб пикру буго: гIаракъи, квач, циял. Россиялда кибго квачан букIунареблъиги 180 миллат букIинги гьезда бицун бичIчIуларо.

***– Дое яхъунелъул дуда паранг мацI лъалеб букIун батилаха?***

– Нужеца бицунеб щиб! Цо рагIи лъалароан! Школалда дида тIоцересел къояз гIемер рагIулаан «Ça va» («Иш кин бугеб?») – ян дидехунго калам. РакIалде кколаан дида «рузилан» тIокIцIар лъун бугин ва квеш букıунаан (гьимулаго).

***– КигIан заман хIажалъараб мацI тIубанго лъазе?***

– Щуго сон.

***– Ва гьанже...***

– Гьанже дир пикруцин парангалда бачIуна. БатIайиса ккезе рес букIинчIо. Вацгунцин ниж парангалдаги жубараб гIурус мацIалдаги кIалъала. Компаниялда рукIун, цо кинаб бугониги балъголъи цоцазе бицине бокьани рала гIурусалде (елъулаго).

### *«Цо нухалъ дида чурпадалъ хIутI батана»*

***– Бицеха машгьураб Франциялъул богогьанлъиялъул***

– Дица нуж пашман гьарила, Франциялда квенал гьедигIан тIагIамал рукIунарелха. Помидор, охцер, картошка ва цойгидал нигIматал... цо заман барал гIадал рукIуна.

***– БакIалъулал кафе-рестораназда «Огь, бугеб тIагIамаб!» – илан гьаракь кIанцIуларо квандаса, уйищ?***

– ЦIикIкIунисеб мехалъ кIанцIуларо. Мисалалъе, Парижалда туристазе данде

кколедухъ гIуцIун букIуна квен-тIех. Гьеб ккола, тIагIамалъул кIварго гьабичIого, хириял багьаби рукIунин гьелъухъин абураб. Туристал рачIуна, кванала, уна. Метер цIиял рачIуна. Гьединлъидал кидагосев клиент вукIаниги вукIинчIониги ургъел гьабуларо. ГIорхъолъа рорчIарал ишал кканиги, французазе кIудияб рухIелго букIунаро. Цо нухалъ дида дирго чурпадалъ батана хIутI, дун анцIго минуталъ балагьун чIана суркIа нахъе босизе чи вачIинегIан. ТIаса лъугьаян гьарулелги рахъинчIо, гIицIго: «Ургъел гьабуге, гьаб кванихъ духъа гIарац босизе гьечIо», – ян калам рагIана.

***– Судалде кьезе бегьулароанищ?***

– МагIна гьечIо. Адвокат кквезе ккола, гIемераб заманги сурсатги хола. ТIокIалъ гьеб рестораналде инчIого чIезего бигьаяб буго.

***– Францияльул хIакъалъулъ дир, дагь-дагьккун, пикру хисулеб буго... Инкъилабалъул рухIгIаги буго гурищ французазулъ?***

– Манифестазде рахъин гьезул гIадатлъун билълъараб иш букIаниги, французал сабру бугеб халкъ буго. Россиялда гIадамазда цебе, къотIноб дуца цебе ккара-ккараб гьабуни, бадибчIвай щвела. Франциялда метроялда унаго, рахъ-



рахъалде речIаризеги гьаруниги, дуца малъал къунцIанигицин, микъан рахъунаро.

***– Дуего щиб бищунго рекIее гIолеб Франциялда?***

– Гьелъул гIемер бицине кIола. Мисалалъе тахшагьаралъул архитектура. Гьезда гьеб цIунизе кIун буго. Щибаб шагьаралъул жиндирго тарих, гIамал-хасият букIиналъ, интерес букIуна Франция сверизе. Щибаб бакI буго батIияб. ГIарац щведал, французаз гьеб жидерго улка тириялда, ракI бохулел жалазда хвезабула. Дидагоги бихьана тIолабго Франция. Гьаниб буго гучаб тIадегIанаб лъай кьей. Диеги гьеб щвана кIиго. Дур гIумруялда захIматаб ахIвал-хIал лъугьани –хIукуматалъ дуе кумек гьабула. Гьаниб сундулъго хIинкъи гьечIолъи буго. Унтани – сахлъизавулаго бугеб щинаб магIишат хIурудахъ унаро, медицинаялъулаб страховка букIунелъул. У, гьанир цIакъ кIудиял руго налогал, амма дуда бихьула сундухъ гьел унел ругелали: беричал шагьарал, къватIазда гIадлу цIунун полиция, щибаб лъабго анкьие цIи гьарун чIолел батIи-батIиял тIугьдул. Мисалалъе: Париж бикьун буго 20 округалде. Щибаб округалъул вуго жидерго мэр. Ва гьезул цоцалъ къец букIуна, лъил округ берцинабги къачIарабги бугебан. Гьелги свак тун хIалтIула, гьеб гьезул къадруялъул иш букIун. ГIаммаб къагIидаялъ абуни, Франция бокьизе гIемер багьанаби руго. Дида бичIчIараб жо – лъикIабги квешабги, пашманабги кепабги букIуна щибаб улкаялда ва жамгIияталда. КигIанаселъ релълъарал ругел Россияги Францияги абураб суалалъе дица гIамм гьабун жаваб кьела: добго жоха, амма паранг мацIалда (елъулаго).

## *«Дир къисабазул чанго герой психозалда вуго»*

***– Лъала, дур чанго тIехь къватIибе бахъана паранг мацIалда, кин адабияталде рокьи бижараб?***

– Дир кIудияв эмен МухIамад МуртазагIалиевас хъвалаан тIахьал. Гьел рукIана дарги мацIалда, цо тIехь къватIибе бахъана гIурусалъги.

Гьелда гьес бицунеб букIана даргиязул бажарарал гIадамазул. 2004 соналъ гьев унтана ва дица гьесие рагIи кьуна гьесул хъвавул иш нухда бачине. Кьураб рагIи кквезе ккеларищха?! Байбихьуда гьел рукIана гьитIинал харбал, маргьаби. 2020 соналъ бахъана дир тIоцебесеб роман. ГьабсагIат дир, кагътида гуреб электронияб къагIидаялъги къватIибе ана ункъо тIехь. Экология хириял французазе электрониял цIикIкIун къабулалги руго.

***– Дур тIахьазул гIаммаб хаслъи бугищ?***

– Дие бокьула психикиял гIунгутIаби ругезул лъугьа-бахъиназул хъвазе. Дир къисабазул чанго герой психозалда вуго. Буго цо роман жинда жаниб цо бутIа Дагъистаналда бухьарабги. Дие бокьун буго гьедингIаги Франциялда дир ВатIаналъул лъазе. КIудадал захIмат рагIалде щвезабизелъун, бокьун буго батIи-батIиял рахъазда машгьурлъарал миллатцоязулги хъвазе.Адабияталъул хIалтIи гуреб, бокьула поп-арталъул суратал рахъизе, гьезул церелъеял тIоритIизе.

***– Кин бихьулеб Дагъистаналда гьеб тIобитIи?***

– ЛъикI букIинан, амма Франциялдаса Дагъистаналде суратал раччизе расниги бигьаяб иш гуро.

***– Суратал гьечIого, мунго ячIине?***

– Дие цIакъ бокьун буго Дагъистаналде ячIине. Ахирисеб нух дун гьений рикIкIадаб 2012-абилеб соналъ йикIана. ГIемераб жо хисун батила доб мехалдаса. Салул бархан Сарыкум, Гъуниб, Дербент, Хунзахъ – дун чара гьечIого щвезе кколел бакIал. Лъала Дагъистаналъул берцинлъиялъ дун асир гьайизе йикIин!

***Руслан Бакъидов***

# СТIАЛ СУЛЕЙМАНИЛ ГIУМРУЯЛДАСА ТIАНЧАЛ...



... Никита Хрущевасда лъалаан СтIал Сулейман машгьурав шагIир вукIин, амма гьесул кучIдул цIалун рукIун ратуларо. Цо нухалъ Ставрополалъул Райком КПС-Салъул тIоцевесев секретарасул кабиненталда гьесда ратула гьанжего гьанже къватIире риччарал цIиял тIахьал. Гьезда гьоркьоб букIуна Сулейманил тIехьги. ТIехь рагьигун гьев тIаде ккола «Даранчи Рамазаниде» абураб кечIалде. Гьениб бицунеб букIуна ракъул соналъ гIадамазе ккалараб цIоросаролъ бичарав кинавалиго Рамазанил хIакъалъулъ. Нахъияб рахъ цIехечIого, Хрущевас буюрухъ кьола Стальскиясул тIохьол тIубараб тираж тIагIинабизе.

Доб заманаялъ генсеказул анищ букIана пачалихъалда «цIоросаролъул гьарзалъи» букIинабизе, кочIолъ шагIирас гьев какараб гIадаб жо ккана гьениб. Гьесда квеш букIана. ГьебсагIат тиражги нахъе бахъун, гьеб сборник данде гьабурав Ахед Агъаевасе партиялъул линиялдасан тамихI гьабуна, кучIдул тIаса рищулаго биччараб тасамахIлъиялъухъ. Сулейманил тIехьалъул цо экземпляр гьес цIунана 40 соналъ, цоги нухалъ бахъизе рес ккезегIан.

* * *

Дагъистаналъул Халкъияв шагIир СтIал Сулейман гIумруялъ кучIдул рикIкIунев гуревги, дунялалда лъугьунеб бахъунелъул ургъел-тIалаб гьабулев чи вукIана. Мисалалъе, гьесул хIаракаталдалъун, Дагъистаналда лъугьунел ругел лъикIал хиса-басиял рихьизе ва гьезул хIакъалъулъ тIехь бахъизе, Дагъистаналде ахIун рукIана гIурус хъвадарухъаби. Сулейманица хIукму гьабуна Максим Горькиясухъе, хъвадарухъабазул сапар Дагъистаналде гьабеян, хъвазе.

Документалда хъван буго, Стальскияс гьеб хитIаб жиндирго мадугьаласе гьабун бугила, дос кагътиде босун бугилан. 1935 соналъул апрелалъул байбихьуда Пятигорскалда бахъулеб «ГIолохъанав ленинец» газеталда бахъана гьеб хитIаб.

Гьелдаса хадуб гьеб бахъана «Правда» газеталда. Гьеб кагътил цо бакIалда Стальскияс кочIохъеги хъвалеб буго ракьцоязул гIумруялъул хIакъалъулъ. «Дида ракIалде ккола, кIудияб кIвар букIинаанин, беццазе – канлъи, гIинкъазе – рагIи, квачаразе – бакъ, херазе – гIолохъанлъи нилъер заманаялъ кин щолебали пачалихъалдаго бицине. Гали бахъа-бахъаралъуб буго гьедин, гьелде ругьунлъун рукIин буго дида квеш букIун. ГIажаиблъиго гьабулеб гьечIо лъицаго».

Ва Сулейманил мурад тIубана.

* * *

СССРалъул ТIадегIанаб Советалъул депутат, Ленинил орденалъул кавалер, СтIал Сулейман къадаралде щвана жиндирго гIагараб Ашага-СтIал росулъ 1937 соналъул 23 ноябралъ. Бищунго гIагарда бугеб маххул нухалъул станция Белиджиялдасан, поездалда тахшагьаралде бачIана гьесул жаназа ва вокзалалда аскIоб майданалда тIобитIана хвел букъиялъул митинг.

«Сулейман вукъизе халкъго букIана къватIибе бахъун. ГIадамазул цIун рукIана Дагъистаналъул ЦИКалъул минаялдехун унел къватIал. Гьесул жаназаялда цере гьеб къоялъ 18 азаргогIан чи вукIана. Жаназа къватIибе босана Правительсвоялъул вакилзабаз ва зигараялъ Москваялдаса вачIарав Советияб хъвадарухъабазул Союзалъул жавабияв секретарь гьалмагъ Ставскияс. Хвел букъиялда гIахьаллъи гьабуна киналго районазул вакилзабаз, стахановцаз, рагъулал частаз, МахIачхъалаялъул хъулухъчагIаз», – илан хъван букIана 1937 соналъ «Литературияб газеталъул» 65 номералда бахъун букIараб шагIир вукъиялъул хIакъалъулъ отчеталда.

Нижеда ракIалде ккана цIалдолезе кIвар букIинин лезгиязул прозаик, гIалимчи, жамгIияв хIаркатчи ХIаким Къурбанил цебего хъвараб макъалаялдаса СтIал Сулейманил цIаралда бугеб паркалъул бицунеб бакI гьаниб кьезе.

«МахIачхъала нилъеда лъикI лъалеб гьечIилан кколеб буго ракIалде. КъватIазул, парказул, проспектазул цIаразулъ гIадатиял гIадамал гурелги, журналисталгицин мекъи кколел руго. Гьале цодагьаб цебегIан 2014 соналъул «Новое дело» газеталда цIалана «Талат къоялъ МахIачхъалаялда тIобитIана, Крымалда букIараб референдумалъул хIасилалъул рахъ ккун, митинг. ЛъарагIазул театралда аскIосан Родопиялъул бульваралде щвезегIан анлъазарго чиясдаса гIуцIцIараб руккел унеб букIана...», – йилан.

Дица гIажаиблъи гьабуна. Родопиялъул бульвар ЛъарагI театралда аскIоб гурищ бугеб? ХIасановасул къватIалдаса Горькиясул къватIалде щвезегIан, ралъдал рагIалалда буго гьеб цIар, гьеб тIад хъвараб игIланги буго, 1964 соналдаса нахъе, минаялда тIад цIван. Суал баккулеб буго «Гьедин батани, кибха цинги бугеб СтIал Сулейманил цIаралда парк бугебилан?»

XX векалъул Гомерил цIаралда парк Леваневскиясул ва Ярагскиясул къватIазда гьоркьоб ралъдал рагIалда букIин, гьеб макъалаялъул авторасда гуребги, цогидал журналистаздаги лъалеб батичIо. Гьеб мехалъ «МахIачхъалаялъул цIиял харбал» газеталде хъвана дица: «СтIал Сулейман хвана Ашага Сталалда. Правительствоялъул хIукмуялда рекъон, вукъана МахIачхъалаялда, ралъдал рагIалда ва гьенибго лъуна гьесие памятникги. Цебе гьеб бакIалда букIана шагьаралъул базар, цо сордоялда жаниб гьеб гIолохъабаз гьабсагIат Ленинил майдан бугеб бакIалде бахъана. Сулейманил памятникалда аскIоб гъутIби чIун, скамейкаби лъун, парк гьабуна. Гьелъие, МахIачхъалаялъул горсобраниялъ 1938 соналъул 7 февралалъ гьабураб хIукмуялда рекъон, СтIал Сулейманил паркилан цIарги кьуна.

Гьеб паркалда Сулейманил цIар щула гьабеян МахIачхъала шагьаралъул Администрациялде кагъат хъвана чанго хъвадарухъанас. Гьелъул хIасилалда, 2009 соналъул 23 сентябралда гьабуна цIияб хIукму. Амма парк, щаялиго, Сулейманил бульвар лъугьана...

Гьелдаса нахъе ана щуго сон, амма хIукму рагIалде бахъинабун гьечIо. 2014 сон Республикаялда С. Стальскиясул сонлъун лъазабун буго. Гьес балаан 145 сон. Гьанжениги хIукму гьеб рагIалде бахъинин хьул буго».

Гьале гьелдаса нахъеги ана 10 сон. Ва гьеб хIукму рагIалде бахъана. 2024 соналъул 17 маялъ гьениб тIобитIана, Родопиялъул бульварги тIаде жубан, СтIал Сулейман цIар лъураб парк рагьиялъул кIудияб тадбир. Гьеб кинабго жубазабиялъул пикругун кIалъана Республикаялъул БетIер Сергей Меликов.

*СтIал Сулейманил хIакъалъулъ материал босана интернеталдаса*



Ирина
Агъаева

# ГIумруялда чиясухъа кинабго бажарула...

***Юристасул хIалтIуда гъорлъе лъугьине кин чIужугIаданалъе захIмат букIунебали ва Юждагъалдаса бухьеналгун лъай-хъваял гьечIей гIадатай гIолилалъул кин цеетIезе рес бугебали нилъее бицунеб буго «Агаева АйДи» компаниялъул генералияй директор, налоговиял ва корпоративиял ихтияразул рахъалъ эксперт, юрист, экономист, экономикиял гIелмабазул кандидат Ирина Агъаевалъ.***

– Дун гьаюна росдал интеллигенциялъулаб хъизаналда, Ахтиялда. Дир эбел ккола учитель, эмен – инженер. Хъизаналда дун ккола лъабабилеб лъимер, дир руго кIиго цIикIкIарав вацги гьитIинай яцги. Инсул рахъалъ кIиявго инсул вац ккола гIелмабазул доктороал, гьедин батила дирги лъаялдехун рокьи бугеб, «цIале ва цоги нухалъ цIале» гIумрудул девизлъун лъугьараб.

***– Кин мун цIалулей йикIарай?***

– Дица лъугIана Ахтиялъул №1 школа ва эбелалъул нухдасан ана Дербенталъул педучилищеялде. Дир лъабго профессия буго. ЦIакъ бокьулаан математикаялъул дарс. РакI гъолареб мехалъ дун хIисабалъул масъалаби гьарулей йикIунаан.

***– Юристлъун вахъине ккани, юристазул хъизаналда гьарун ратизе кколин рикIкIуна гIемерисез. Кин дуе щвараб кIиго саламатаб лъай?***

– Дир гIумру букIинчIо бигьаяблъун. Дица 14 сон бараб мехалъ хвана эмен ва 90-абилел соназул кинабго захIмалъи нижеда лъана. Доб мехалъ, гIемерисезего гIадин, учительзабазеги лъагIалабаз кьолароан гьадингоги дагьал рукIарал харжал. Дида рихьана тукабазул чIорогоял полкаби, букIана заман нижеца цохIо картошка кваналебги. Дир стипендия букIана хъизаналъе цо гьитIинабниги кумек. БукIунароан хинаб ретIел, тIубараб хаселалъ туфлабалъ ва тIеренал щватабалъ йикIунаан дун. ТалихIин, Дербенталда хасалоги хинго букIунеб!

Училище лъугIун хадуб дир букIинчIо 18 сонцин. ЗахIматалъулаб нух байбихьана дунго цIалараб школалда байбихьул классазул учительлъун хIалтIиялдасан. Бокьизе ккола нилъецаго гьабулеб хIалтIи – цинги бигьалъула. ГIадада гурелъул абун бугеб «Дуего бокьулеб иш гьабе хIалтIилъун, цинги мун талихIав вукIина», – ян. Дихъа гьедин бажарана, кий хIалтIаниги.

***– Щай мун школалдаса арай?***

– 19 сон барай дун росасе ана Ахтыялдаса гIолохъанчиясе. Цадахъ щуго сонги бан, нижер хIукму ккана ратIалъизе. Лъимал нижер рукIинчIо. БукIана цадахъаб магIишат бикьиялъул суал, дида дирго ихтиярцин лъалароан гьеб ишалъулъ. Ракьул участок гьедин росасе хутIана. ЗахIмат букIана цIакъ ва дир пикру бачIана Москваялде ине. Эбелалъулги дирги гIарац гIуна гIицIго белтихъ кьезе. Дагьаб мехалъ гьудулалъухъ гьоболлъиги бан нахъюссинин йикIана дун.

ХутIана гIасруялъул ункъил бутIаялъ. Заочно цIализе лъугьана Юридикияб колледжалде, лъайкьеялъул системаялда чIеялъулъ магIна букIинчIо. Ишцоял мугIалимзабиго гIадин, яна даран-базаралде. Пихъ-мичI бичулаан дица. Гьалмагъалъе дидалъунго квекIен гьабизе намуслъулаан дун. БукIунаан сордо базе ине бакI гьечIеб заманги.

Сессиялъул заманалда общежитиялда гIумру гьабизе щвеялдаса йохун йикIунаан дун. ХутIараб заманалъ базаралда, уборщицалъун, нянялъун хıалтıулаан, гьарулаан гIарцухъ контролиял хIалтIаби. БакIал ралезул бригадаялдецин лъугьун йикIана, чIегIерал хIалтIабазул хадучилъун. Сордо-къоялъ тIатIала хIалтIаниги, гIицIго цIалухъ кьезе гIолаан щвараб жо. ХIалтIудасан – дарсазде, дарсаздасан – хIалтIуде. Гьедин букIаниги, курсалъул лъабго лъикIал студентазда гьоркьой йикIана дун ва цIали багIараб дипломалда лъугIана. Узухъда, бокьун букIана хадуйги цIализе. Амма кодоб шагьи-пара гьечIолъиялъ, ВатIаналде нахъюссине кколеблъи бичIчIулеб букIана.

Автобусалда цадахъ ккарай преподавателалъ букIинеселъул цIех-рехги гьабун, дун рокъое уней йикIин лъайдал, багIардимпломалъулай хIисабалда, жиндицаго дарсал кьолеб вузалдеги ячун, собеседованиялъул хIасилалда цIализе лъугьинаюна. Гьеб букIана, анкьие кIиго нухалъ дарсаздеги хьвадун, лъабгоялъул бакIалда анлъго соналъ цIализе кколеб, очниябгун заочнияб отделение. Общежитие гьединазе букIинчIо. Дун гIодилаго эбелалде кIалъана. «РорчIун ккелин, мун цIале!» – ян гIодое йиччазаюна гьелъ.

ХIалтIиги цIалиги цадахъ бачиналъул марафон халатбахъана. Подмосковьялда гIумру гьабун йикIарай цоги гьудулалъ дун жиндихъего ахIана. Амма, долъие кваликвал ккечIого букIинеян, сордо базе гурого дун рукъалде юссунароан, библиоткабазда, остановкабазда чIанхъарулаан хинлъизе... Ничги къинабун, дун деканасухъе ана, дирго къварилъиялъул бицине. Гьес, дида бугеб хIалги цIализе гъираги бихьун, общежитиялда кIиго моцIалъ рукъ кьуна. Дун йохун йикIарай куц!

Гьанжеги дир нухда дандчIвана лъикIав инсан – общежитиялъул комендант. Дир эмен гьечIолъиги эбел гIадатай учитель йикIинги лъайдал, цIалун яхъине-



гIан тана дун гьес доя. Диего кьураб рокъое жание лъугьингун бичIчIана дида, дир щибго гьечIолъи. Цо кисаяли басриябго хьагги балагьун, релъана макаронал. Гьел кваназеги гъуд-гIучI батичIого, якъахъего кьижун ккана. ТIадхъел щвеялдаса букIараб талихIалъ, дие ракъиялъул ургъелго букIинчIо. Радал щвана дие гъудги цIамги. ЦIалдолаан, гьоркьогьоркьоб хIалтIабиги тIаде росулаан, гIарац букIине.

РакIалда буго, рокъоса дие посылка бачIараб къо. Доба бугоан, нухда бекараб, мурападул банкаги тIубараб нусго гъурущги! Яц гIадин, рукъккун цадахъ йигей Катя-гун бащад гьабуна дица доб. Рес бугел рукIун, долъие гIемер рачIунаан рокъосез сайгъат-саламал. Жиндиего хIажат гьечIониги, умумузда гьарун, гьелъ бачIинабуна компьютер, дица курсалъулал хIалтIаби квералъ хъвалел рихьун.

Вуз лъугIун хадуб ниж хIалтIизе лъугьана юридикияб компаниялде. Цадахъ хIалтIулел лъикIал рукIана, тIадчи хутIизегIан. Балагьизе ккана цоги хIалтIи.Гьенир дандчIвана дида налогазул, НДСалъул суалал. ГIодоркъояз цIалдананиги, экономикиял суалазда хадуй гъолей йикIинчIо, бичIчIана экономикияб лъай щвезе кколеблъи. Юристлъун хIалтIулаго, цIалана экономистлъун, гьелда тIадеги цIунана экономикиял гIелмабазул кандидатасул диссертация.

***– Юристаллъун рахъине аниц бугел ясазе щиб малъа-хъвай дуца гьабилеб?***

– ХIалтIи бищулаго хIадурал рукIине ккола кидаго цIалдезе ккеялде. Нилъедаго цере лъурал масъалаби тIуразаризе ккола сундукьаго хIинкъичIого, нилъедаго божун.

***– Дирго хасаб гIумру кинха...?***

– Медицинаялъул церетIеяз ва тохтурзабаз кигIан хIинкъизаюниги, кIикъойилъа индал яхъана дун эбеллъун. ЦIакъго бокьани, гIумруялда чиясухъа кинабго бажарула!

***– ГIадамаз рикIкIуна ихтиярал цIуниги экономикаги бихьиназул махщелаллъун. ЧIужугIадан йикIиналъ дуе квалквалал кканищ хIалтIулъ?***

– Гьелъул пикру гьабизе заманцин букIинчIо дир гIумруялда. 66 % улкаялда ругел судьябазул руччаби рукIиналъ бичIчIуларищ гьеб бицахъе гьечIеблъи.

***– Клиенталгун кигIанасеб божилъиялда рукIине кколел?***

– Гъорлъан канлъи бихьулелгIан божарал.Божилъи гьабуразе судалда бергьине бокьун бугони, гьес юристасда кинабго бицине ккола.

***– ГIумруялда аслияблъун щиб дуца рикIкIунеб?***

– Цебе лъураб мурадалъе гIоло къеркьей. Гьеб гьечIого церетIоларо.

***– Компаниязул нухмалъулей хIисабалда, кIвар бугеб принцип?***

– Дирго дидехунго ракIбацIцIалъи! Халлъизе ккола дирго загIипалги къуваталги рахъал. Дида бичIчIула коллективияб къуват цо чиясулалдаса гучаб букIин. Коллективалда цоцазул хIалтIи дурусаблъун, щвалде щвараблъун гьабула.

***– Дуца щиб гьарилеб нилъер руччабазе?***

– ГIумрудул нухда дандчIвалел гIадамазул къимат гьабе. Къисматалъул нухда бищун хирияб сайгъат буго нилъ ричIчIулел, рокьулел, кумекалъе хIадурал гIадамал дандчIвай. МустахIикъав инсан дандчIвани, дица гьесулгун бухьен гьоркьоса къотIизе толаро. Нилъгун пикруцоял ккола къиматаб хазина!

***Виолетта Ратенкова***

# Дир лъималазул эмен!

Цеве вукӀарав рос, дир лъималазул эмен, вукӀана цӀакъ лъикӀав, бажари бугев чи. Амма, дир васас абухъе, нижер кӀиязулго «скорость» батӀи-батӀияб букӀана.

Дида гьеб хехго бичӀчӀана, ва ниж ратӀалъана. Росасда бичӀчӀулеб букӀинчӀо, щай гьедин ккарабали, дида цадахъ гьесие лъикӀ ва санагӀат букӀиндал. Дида кӀвела лъимал гӀадамалъе рахъинаризе, амма, надзирателасул бакӀалда вугев дир вас гӀадин, бетӀергьанчи хадув цӀазе дир къуват букӀинчӀо.

РатӀалъун хадуб гьев тӀубанго вихахочана. Эбелалъул кверзукьа чӀужуялъул бербалагьиялде хъущтӀун вукӀарав гьев, цонигиялги аскӀор гьечӀого хутӀана.

РатӀалъун хадубги дирго квартираялъул кӀулал дица гьесухъ – Анатихъ толел рукӀана. Дун хӀалтӀуда йикӀунаан, васал абуни, къоялъ жалго цохӀо рукӀунаан. Хьул букӀана инсуца цо-цониги, вачӀун, тӀалаб-агъаз гьабилин. Жо ккечӀо. Гьев тӀоцебесеб заманаялъ ваккизе вачӀунаан: квана-гьекъон, рокъоса продуктабиги росун ун ватулаан. Хадувги гьудулзабиги рачун вачӀун, холодильник чӀобого гьабун батулаан. Цо къоялъ, телевизорги босун, ун ватана. «Дунги валагьизе ккола гьалъухъ!» – ян абун батана васазда.

Дун лъикӀ ургъана: «Бегьиладай нижеца киназго гьав рехун тезе? Кьурун юссун чӀезе бегьила, гьелъул ихтиярги дихъ буго, амма хадуй лъималазул бадие кин ялагьилей? Кин гьезда бичӀчӀизабилеб, щай кумекалъе квер бегьичӀебали? Анатихъа бажаруларо бетӀербахъи гьабун, гьев гьединав вуго, цо заманалдасан гьеб гӀамал лъималазеги лъималазул лъималазеги щвезе бегьула гурищ... Гьеб мехалъ щиб гьабилеб, гьединго гьелги рехун тела, гьезул къисматги гьединабго букӀинаха...»

Гьев живго вукӀана ракӀ лъикӀав, щиб къваригӀаниги, гӀадамазе кумек гьабизе хӀадурав инсан: хъизаналъе къваригӀараб-тараб, хӀажатаб жо бугони, къачӀалеб-толеб бугониги – кинабго гьабулаан, амма гӀарац дица кьолаан. Цойгидазулги



букІунеб жо буго гьеб... ПалхІасил, дида кІвечІо гІумруялъул нухда битІун хьвадизе лъачІев гьев къватІиве витІизе.

Байбихьана!!! Гьаниб къваригІуна куц бахчараб маймалакалъул смайлик!

Анатил генетика цІакъ лъикІаб букІана. Гьесул гІагарлъиялъул гІемерисезул рукІана багІарал дипломал, жалгоги руго церетІурал, кІвахІ-свак гьечІого, жидедаго тІад хІалтІулел гІадамал. Гьев, бищун гьитІинавги вукІун, гьитІинаб къоялдаса нахъе свакан вукІун ватизеги бегьула гьеб «чІаголъиялдаса». Амма, кигІан лъикІал рахъал рукІани щиб – ворхатав, чІегІераб катІариялъул, гІурччинал беразул, тІадегІанаб лъаялъул, бокьараб иш бажарулев гьесул букІинчІо кинабгІаги иш кодобе босизе, живго цеве тІезе гьира. ГІадамал лъалаан гьесдайиланги абизе бегьуларо, амма жиндаго релълъарал, щибго гІумрудул мурад гьечІел чагІи цІалаан аскІоре.

ГІемераб заман иналде чІужуги щвана гьесие гІажаибго жиндаго релълъарай: анцІго соналъ жиндасаго гьитІинай, лъимерги бугей, йихьа-рагІизе йокьилей гІадай ва, живго гІадин, гІагарлъиялъ квер хьвагІун тарай.

Гьав дир вукІарав рос гьеб заманалда къватІул чиясда релълъун вукІана, амма гьес киданиги гьекъолароан. ПатІиги гьевги, цадахъ гьалъул лъимергун, гІумру гьабун рукІана цо магІарда тІаса бугеб басрияб гаражалъур. Лъаларо гІарац кьунищ кьечІогойищ бетІергьабаз гьел гьенире риччан рукІаралали. Кьерхараб, цІад балеб къоялъ гьенибе машинацин бахунароан. РатІалъидал, лъимал дие, машина досие ккана. Живго гІиси-бикьинал хІалтІабазда вукІана, таксистлъун хІалтІизе гІамалалъ къабул гьабулеб букІинчІо. Гьелъухъ кредитги жеги дица бецІулеб букІана.

Кинха кумек гьабичІого телеб дирго лъималазул инсуе? Нилъер гІумруялда жаниб аслияб жолъидал нилъ тІохикь рукІин: кІвараб кумек гьабила, гьеб мехалъ дир ракІги парахат букІина! Гьезулгун хабарги бицун, цо рукъги чІобого гьабун, дица гьел нижедаго аскІоре рахъинаруна. Дица гьезда лъазабуна:

– Дица нуж кванazaризе руго, нужеца щвараб гІарац хвезабичІого нахъе лъе, 9-Іо моцІида жаниб шагьар бакьулъ 25 кв.м. бугеб общежитиялъул рукъ босизе кІвелеб батила нилъеда, – йилан.

Гьедин къотІиги гьабун, гьел нижеда аскІоре рахъана. ЦІакъ захІмат букІана цадахъ гІумру гьабизе. Гьедин ана 8 моцІ. Босана тІадеги, бецІичІого хутІиларилан, кредиталъе гІарацги, цо къоялъ абуна гьезда:

– Босизе рукъ хІадурун буго, рахъине бегьула, цин, гІарацги кьун, документал хІадуризе кколаха.

Гьел дихъ гІажаибго ралагьана:

– Нижехъ гІарацго гьечІо.

– Нуж кІиялго гьал моцІаз хІалтІулел рукІана, кибе араб нужер гІарац?! КъваригІараб щинабги дица босулеб букІана!

Дагьалги гІажаиблъун абулеб буго:

– Гьеб дагь гурони букІинчІо, нижее нахъе лъезе жого тІокІлъичІо – ян.

Дун лъавудаса ине цодагьалъ хутІана, гьездаги дидагоги ццин бахъун, гьанкъулей йикІана. Гьеле гьеб мехалъ, жидерго магъакь-кІачарги бакІарун, дица гьел рокъоса къватІире гъуна. Цо чанго къоялъ, рачІун, дидаса кваназе жо тІалаб гьабулеб букІана гьез. Гьезда кколеб букІана дида тІадаб бугилан жал кванazaризе.

Анат цІа свинабулезул хъулухъалда хІалтІилев вукІана. КІиго сордо гьоркьоб бахъун гьениве унаан. Гьенив ХІурматалъул хъорщода гьесул суратги букІана. Дица, рес рекъедал, хъулухъалъ тІадегІан вахине гьесие кумек гьабуна, щайгурелъул щолеб мухь гьелда бараб букІиндал. ЦІакъ гьарана, гІарзаги хъван, дуего рукъалъе гІамал гьабейилан. Гьес хъвалилан рагІи кьуна. Рукъалъе сертификат кьезе тІаде къо щолеб букІана, балагьана...гьечІо гьениб гІарза!

Ццинги бахъун, кІалъана гьесухъе:

– Киб бугеб дур гІарза?

– Дун гІарза кьезейилан вукІана, кинго регІел ккечІо, гьанже кьезе ина, – йилан вуго вахъунев.

– Сундухъ дие гьабгощинаб гІазаб! Гьабейилаха чиясе лъикІлъи! Лъица лъил тІалаб гьабизе кколеб? Бихьарабрагьараб гуро гьадинаб жо! – абун ахІдолей йикІана дун гьесде телефоналъ.

Гьезул хъизан жеги гьадабго квачараб гаражалъуб букІана, тІадежоялъе гьесул чІужуги лъимаде йикІана.

Дун ракІалде ккараб жо рагІалде бахъинабичІого йикІунарелъул, байбихьана ургъизе: «Щиб гьабилеб? Васал кІудиял гІун руго, лъил мисал дица гьезда бихьизабилеб? ЗахІмалъи буго Анатил хъизаналъе, кин дица гьел рехун телел? Дир васал гІолел руго, щиб букІаниги дие лъугьани, гьезул тІалаб лъица гьабилеб? Дица гьабулеб кумек гьезие мисаллъун чІела. Бегьуларо гьадин тезе!»

Диего ракІ-макІги гьабун, лъалел-хъвалезул кумекалдалъун, йилълъана министрасухъе. БичІчІизабуна ахІвал-хІал, гьарана Анатие гІоло, бичІчІизабуна гьев дир цеве вукІарав рос, дир лъималазул эмен вукІин. Бицана гьес гІемерал гІадамал хвасар гьарунин, шапакъатал щванин, лъикІав, яхІ бугев инсан вугилан, амма гьесие гІумруялъул битІ кколеб гьечІилан. Министр гІажаиблъун дихъ валагьун хутІана, дица цеве вукІарав, цойги чІужуги ячарав рос веццулев рагІараб мехалъ. Бихьинал цоцаца кколел рукІингІаги лъикІ буго, гьес кумек гьабизе рагІи кьуна. Гьесда бичІчІулеб букІана, дун алиментал рахъизе гурей, рукъ тІалаб гьабизе ячІун йикІин. Анатил гІарзаги дихъ кодоб букІана.

Байбихьана цІехолдизе: «Чан чи хъизаналда вугев? КІигоял? Ригьин гьабиялъул свидетельство киб бугеб? Щай гьеб гьечІеб... гьебмехалъ цо рукъалъул гурони кьоларо...!»

Гьанже ине ккана гьелги рачун загсалде. Байбихьана документал ракІаризе, гьебги дидего ккана. Гьел абуни, дица кинабго жо хъатиниб лъун кьезегІан, рахІаталда ралагьун чІун. Киназго цІехолеб букІана дун гьезул щий кколейилан. Щивасда бичІчІизабизе кколеб букІана дун цее йикІарай чІужу йигилан, кумек гьабулеб бугилан. ГІадамал дихъ гІажаиблъи гьабун ралагьулаан, амма, къватІие гъечІого, кумек гьабулаан. РакІарана киналго кагътал, гІумру гьабулеб бакІалъул цо справка хутІизегІан.

ПатІил магІарухъ букІана хъвай-хъвагІай, эбел-инсул рокъоб. Гьарана гьелдаги, магІарухъеги ун, эбел-инсуда дурго росгун лъимерги бихьизабун, справкаги босун ячІайилан. Гьебги босун, нахъ руссун рачІинагун, справка жанибе кьезе аянги гьарана.

Цойгидаб щинаб гьабун бажаричІеб, гьеб кинха гьезухъан бажарилеб? Щай дида гьеб лъачІеб? Нилъер бюрократаз гьеб справка документалгун цадахъ федералиял органазде битІун батана. Цо-кІиго моцІидасан бачІана нахъчІван, чІужуялъул 150 кв.м. бугеб мина бугила, гьезие рукъ кьезе кколарила, ригьинги гьабун бугила 5 соналъ цебе, гьебги жидеего хайиралъе фиктивный гьабун бугилан.

Щалгун дагІбадилел, лъида бичІчІизабилеб – закон буго закон. ПатІица бачІун буго 150 кв.м. бугеб рукъ гьелъул бугилан абураб справка. Кин гьеб ккараб?! Батизе рес гьечІо!

РачІана гьез дихъе документал, дун йихун хутІана: гьениб гьедин бихьизабунги



бугоан. Рохиялъ гьелъул гӀагарлъиялъ гьабун бугоан гьеб «лъикӀаб иш». «Щибизе дие гьал къваригӀарал, кӀудиял гӀун, гӀакълу-лъай бачӀунарел, ругеб хӀалалъ тела…!!!» – йиланги йикӀана, тун бажаричӀо. Кинха гӀадамал гаражалъуб телел…

Цо-кӀиго анкьалъ, ццин бахъун, гъанкъулей йикӀана, хадуб цӀидасан байбихьана. Балагьана районалъул бетӀерасухъе нух ва, кӀалъан, бичӀчӀизабуна, дун гьесулятӀалъарай чӀужу йикӀин, гьанже йигей чӀужу гьезул районалдаса йикӀин, гьелъие цойги батӀияб справка къваригӀун букӀин. Гьесулгун лъикӀаб кӀалъайги ккана, релъизеги релъана, справка гьабизе рагӀиги кьуна. Гьебги босун, живгоцин вачӀана, гьедин нижер лъикӀаб гьудуллъиги ккана.

Анаха цӀидасан документазул ишал тӀуразе. Босана справкаги ПатӀи гьесул чӀужу кколилан абураб, рачана лъимергун цадахъ гьелги, ана судалде, ритӀухълъи тӀалаб гьабизе. Судья бихьинчи вукӀин лъикӀ ккана, бихьинал бихьиназда лъикӀ ричӀчӀулелъул, кинабго битӀун кканилан тана.

Рилълъана хӀукмуялда хадур, циндаго гьал (Анатги ПатӀиги) гӀакълу бачӀун лъугьана. Гьезда ракӀалде щвана жидер цойги лъимер букӀин – ПатӀил тӀоцебесеб ригьнада гьаюрай яс, хъизаналъул щивав чи рикӀкӀун кв. метрал тӀаде рачӀине ккоелллъи; гьелъиеги рукъ тӀаде бачӀунеб хӀал гьабизе бегьулародаян. Анатие бокьун бугила гьей жиндирго яс хӀисабалда хъвазе.

Гьанжеги дун къватӀие яхъана гьеб цӀехезе. Бегьулилан абуна, амма судалъул хӀукму къваригӀунила ва опекаязул органаздаса гьелъул инсул разилъиги тӀалаб гьабизе кколила. Гьел кӀиялго дихъ ралагьана… Киб бугеб гъоб куц бахчараб маймалак смайлик?!

Ана гьанжеги цӀех-рех гьабизе. Гьей ясалъул эменги ватана жиндие щивниги къваригӀунарев, алиментал рахъичӀого тараллдаса бокьаралда разилъулев чи. Гьанжеги суд, хӀукму – тӀад хъвана росасда. ХутӀана жеги прописка гьабизе. Гьеб заманалде гьезие васги гьавуна. Пакъир Анат, гьесул кидаго анищ букӀана яс щвезе, амма цойги нухалъ вас гьавизе хъван букӀун буго. ЦохӀо Анатие щвана прописка гьабизе бакӀ, гьесул хъизан абуни: чӀужу, вас, тӀад хъварай яс – гьезда щиб гьабилеб? Балагьана, гьарана, щвана кумек гьудулзабаздасан: батана общежитиялда гьел хъвазе бакӀ.

Унеб букӀана 5-абилеб сон дун гьезие гӀоло екерахъдилаго. ПатӀи дихъ жиндирго эбелалъухъ гӀадин ялагьулаан. Дирго лъималаз: «Щай, эбел, гьел дуе, чӀалгӀинчӀищ?» – илан абулеб букӀана.

Ахирги, гьале гъоб, щвана лъабго рукъалъул квартираялъе сертификат. «Гьанже щиб гьалда нижеца гьабизе кколеб?» – илан цӀехолеб буго. «Щиб гьабилеб? Аха нужееого квартира балагьизе, хъвай-хъвагӀайги гьабе, талихӀалда гӀумруги тӀаме». Гьанжеги азда лъалеб гьечӀо кин гьеб балагьизе кколебали. Рихьизаруна сайтал, лъазабиял…

Цо моцӀидасан, яхӀго гьабизе кӀвечӀого, цӀехана батанищ, босанищ квартираян. БосичӀилан руго рахъунел. «Вай, нуж гьагьинир лъеял. Сундухъ дие гьаб гӀазаб? Сертификаталъул заман уна гури?!» – абун ягъизе жуяна дун.

Лъалезухъе кӀалъан, байбихьана рукъ балагьизе. Гьел абуни, гьаб кӀваричӀо, доб кӀваричӀоян мекъдарилелги рукӀана. Ахирги, тӀалихӀалъ, щвана цӀакъ лъикӀаб квартира, жахӀдацин кӀанцӀана рекӀелъе. Щайилан абуни, дица кидаго кьучӀдасан ремонтал гьаризе кколаан, гьезие абуни щвана ремонтги бугеб, гӀемераб мехалъ жанир гӀадамалго рукӀинчӀеб квартира.

Нижер ПатӀи гьанже чӀинкьа-кӀитӀун, йоха-хинлъун лъугьана, гӀемераб къваригӀараб жо батана рокъобе босизе кколеб. Расги лъачӀониги, чанги жо лъалебги батана – гӀодоре щварал рукӀине кколаанила гордалилан чӀана.

Гьезул гӀумру дагь-дагьккун рукӀалиде ккана. ПатӀил яс Амина росасе кьуна. Гьезул васасулгун дир цӀакъ лъикӀаб гьудулллъи ккана. Дун йиго гьесул адвокатги гӀакълучӀужуги: гьес бицанихъе, дидагӀан лъикӀ гьев лъиданиги вичӀчӀуларо. Гьал къояздa гьев, ВатӀаналъе хъулухъги тӀубан вуссунаго, дихъе тӀугьдузул кваацӀиги босун вачӀана. Гьеле талихӀ!

Дица цо-цо мехалъ гьесда гьикъула: «Дуда лъалищ дун дур инсул цее йикӀарай чӀужу йикӀин?» Гьес абула: «Мун йиго дие бищун гӀагарай гӀадан, дун дуда релълъаравги вуго» – ян. Гьеб буго дир хӀаракаталъухъ бищун кӀудияб шапакъат!

Анатидаги кӀочонаро кидаго дида баркизе, хасго ниж данделъараб къо: «Баркала нижер мун йикӀиналъухъ!» – ан абула гьес.

Дунги гьесда тӀад рекъола!

***Раисат ХӀайбулаева***




# Руччаби гIелмуялда

Дагъистаналда бугеб Федералияб цIех-рехалъул Центр ккола Россиялъул Югалда бищун кIудияб ва улкаялда бищун санал раразул цояблъун. ДФИЦалъул микьго институталда гьарула, киналго гIелмиял рахъал жанир рачарал, цIех-рехал. Ниж ккола 38 гIелмияб рахъалда хIалтIулеб мультидисциплинарияб центр ва ДФИЦ чIухIула жидерго гIелмиял рагьияздаса ва хIалтIабаздаса. Дагъистаналда гIелму цебетIеялъулъ кIудияб кIвар буго руччаби-гIалимзабазул захIматалъулги.

Цойгидал регионазде данде ккун, Дагъистаналъул Централда руччабазул къадар цIикIкIараб буго (50%). ГIемерисел руччаби-гIалимзаби хIалтIулел руго мацIазул, адабияталъул, искусствалъул, тарихалъул, археологиялъул ва этнографиялъул, Каспиялда цебесеб билогиялъул ресурсазул институтазда, МугIрузулаб ботаникияб ахикь.

Жакъа къоялде РАНалъул ДФИЦалда хIалтIилей йиго 166 чIужугIадан (44,3%), гьездасан – 13 докторги 87 гIелмабазул кандидатги. ГIалимзаби-руччабаз тIоритIула ДАССРалъул цIех-рехал естествениял ва гуманитариял гIелмабазда.

Гьезда гьоркьор руго 25 сон балелде жидеца кандидатазул диссертациял цIунарал гIолохъанал гIалимзабиги, жидер хIалбихьиги лъайги бугел гIелмабазул докторалги.

РехсечIого гIоларо ДАССРалъул гIелмабазул мустахIикъай хIаракатчIужу, филололгиял гIелмабазул доктор, жий гьаюралдаса 2025 соналъ нусго сон тIубалей ГIунейзат ГIазизовна Мейлановалъул цIар. Гьелъ тIолабго гIумру кьуна ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб мацIазул, литератураялъул ва искусствалъул институталъе, ккола 4 монографиялъул, централиял ва къватIисел журналазда рахъарал 200 гIелмияб макъалаялъул автор. ГIуцIана лезгин мацIалъул тIоцебесеб академикияб грамматика, орфографияб ва кIудияб гIурус-лезгин словарал.

ГIелмияб дунялалда жидер цIар рагIарал, мацIал, адабият ва тарих лъазабулел гIалимзаби ккола Гъаниева Фарида Абу-

**Дуняlалдаго фундаменталияl цlех-рехазул центразул кlудиязул цояблъун кколеб, Россиялъул ГIелмияб Академиялъ исана кIодо гьабулеб буго 300 сонилаб ва Дагъистаналъул отделениялъ – 100 сонилаб юбилеял.**

**РАН гIуцIана 1724 соналъул 28 январалда (8 февралалда) Петр I-сесул буюрухъалдалъун ва хIукуматалъул Сенаталъул Указалдалъун. Гьеб тарихалдаса нахъе байбихьана, Россиялъул Пачалихъ цIебетIеялда кIудияб бутIа жиндица лъураб, улкаялъул тIабигIиял ва инсаниял сурсатазул академияб лъазаби.**

**Нижеда, узухъда, кIвечIо гьединаб кIвар бугеб тарих гьоркьоб биччазе ва дагъистаниял-руччабаз фундаменталияб гIелмуялда ккураб бакIалъул бицеян нижеца гьарана РАНалъул Дагъистаналда бугеб Федералияб цIех-рехалъул Централъул директор Ахъай Муртазаевасда. Гьале гьес бицараб.**



бакаровна, Темирбулатова Сапияханум МуртузагIалиевна, ГIалибекова ПатIимат МухIамадовна, Маллаева Зулайхат МухIамадовна, МухIамадова Зулейха Къадиевна, МухIамедова Фатыма ХIамзаевна, Ибрагьимова Мариза Огълановна, ва гь.ц..

КIудияб къадар руччаби-гIелмабазул докторзабазул хIалтIилеб буго тарихалъул, археологиялъул ва этнографиялъул Институталдаги.

Кандидатасул диссертация цIунарал руччабазул тIоцеесейлъун йикIана кIудияй гIалим-этнограф, тарихиял гIелмабазул доктор, профессор ХIажиева Сакинат ШигьахIмадовна. Гьелъул инициативаялдалъун тарихалъул, археологиялъул ва этнографиялъул Институталда рагьана, гьелъ жинцагоги 30 соналъ нухмалъи гьабураб археологиялъул ва этнографиялъул отдел. ГьабсагIатги институталда руго гIелмуялъул гвангъарал вакилзаби-руччаби: ТIалхIат Эльмира МуртузагIалиевна, Гмыря Людмила Борисовна, Рамазанова Зоя Буттаевна, Гьиматова Мадина Багьавутдиновна, ШагIбанова Мадина МухIамадкамиловна ва гь.ц.

Централъул гIалимзаби-руччаби гьоркьор руго РАНалъул ДФИЦалъул Цолъизабураб гIелмияб, диссертациязулаб советазда, ккола батIи-батIиял конкурсазда бергьаралги, цIарулал стипендиязулгун Россиялъул ва Республикаялъул Президентазул грантазул бетIергьабиги, гIемерал монографиязулгун патентазул ва интеллектуалияб захIматалъул авторзабиги.

Централъул руччаби бихьиназдаса нахъе ккечIого хIалтIулел руго Дагъистан социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIезабиялъул, ультрафиолетовияб канлъиялъ лъугьинабулеб окислительнияб стрессалъул, репрессиязде гъоркье ккаразул ребилитация гьабиялъул, миллияб хаслъи чIезабиялъул суалазда ва гIемераб цойгидалда тIад.

ГIалимчиясул хIалтIи буго кидагосеб, гьоркьоб къотIичIого гьабизе кколеб, захIматаб иш. МугIрузде экспедициялги, гьалулеб бакъукь салул авлахъазда хIалтIиги, хIалбихьиялъе материалазда хадуб ралъдалъе лъугьинги, археологиял рухъа-хъваялги, жакъасеб цебетIураб техникаялда нахъа хIалтIиги, гIемертомазулал тIахьазде къулиги… Гьеб киналъго инсанасдаса тIалаб гьабула вакIавахариги свактун хIалтIиги.

Рукъги бачунел, лъималазе тарбияги кьолел, хъизамалъулаб гъасда кинабго лъикIаб щинабги цIунулел нижер ясалгIалимзабазухъа гьеб тIокI борчIун лъикI бажарулеб буго.



*Тимур Кагировасул сурат*

# ТIаса лъугьа, эбел

***НекIо заманаялъ улбул холелго рукIинчIила... Гьез жидерго лъималазда аскIоб абадиялъго гIумру тIамулеб букIарабила: киса-кирго нилъ цIунулеб къолденлъун цере чIун, сардида къижилалде цебе убачал гьарун, тIаса хъущтIараб юргъан тIаде цIан, агъаз гьабун, рикIкIадаб сапаралде арал нилъ руссинегIан, зазда кIусарал гIадин, нухда бералги лъун рукIун... Жидер лъимералде бачIараб рекIелбакъвайгун къварилъиялдаса кIудияб пашманлъиги щибниги букIинчIебила эбелалъе....***

Щай? Щай? Щай гьаб хабаралъул байбихьи уяблъун гьечIеб?! Щай лъимералъе гIоло рухI кьезеги, гьелъул битIабишараб къисматалъе гIоло къурбаналлъун жалго цере рехизеги хIадурал улбузул гIумру даимаб гьечIеб... Аллагь тун батIиясукъа хIинкъи гьечIеб дир рекIелъе, гьал ахирал соназ, моцIаз, къояз рещтIун буго гIицIго цо иллагьияб хIинкъи – эбел аскIоса ками. Гьеб ссудула рекIелъ щибаб больницаялда дир гIазизай егизаюраб болжалалъ, сахгьариялъул курсалъул щибаб къо рикIкIун цIикIкIунеб, гIасилъулеб унтиялдалъун, жанисеб чIобоголъиялдалъун, хинлъи гьечIеб рукъалдалъун, тIагIам гьечIеб квеналдалъун.

Щаяли, киналго улбузда ракIалде ккола, лъималаздехун жидерго бугеб асар гьезда бичIчIуларилан, лъаларилан. «ЧIая цо, дуего лъимер щведал, бичIчIилин дуда, дие дур букIунеб ургъел». БичIчIула, лъала, хирияй. «Алжан дур хIатIазда гъоркь букIиналъул» хириял тIахьаздасан цIалула, амма цо-цо кIочон тун батула.

РакI бухIула, амма данде кIалъан уна. Малъараб гьабуларо, амма щибаб нухалъ мекъи ккола. Нахъосаги диего бокьухъе гьабула, амма «Унго, эбел йикIун йигей йитIарай» – илан пикру, чIухIиялъ, ракI кIодолъиялъ къватIибе загьир гьабуларо. Гьале жакъа халкъалда цее дун гьелъие мукIурлъулей йиго, эбел. Щибаб лъимералъулъ букIунин ккола цо хIалихьатаб хасият – «хъатиниб бежун хайгин кьуниги, налъулаллъун хутIулей» эбелалъ гьабураб щиналъе букIине кколеб баркала кьунгутIи, сундулъго гьелъ кверчIвай тIадаб ишлъун бихьи.

Гьаниб ракIалде щвана, доб, йокьулелъул амру тIубан, бахъун эбелалъул ракI босун унев гIолиласулги, гьев гIодов ккедал, «унтарабищ, дир василан?» агьиялда гIодараб гъаримаб эбелалъул ракIалъулги хIакъалъулъ бицен. РакIалде щвана доб лъимадулаб баркала гьечIолъиялъе нугIлъи гьабулеб гьаб хабарги.

* * *

«... Дир эбелалъул букIана гIицIго цо бер. Гьелъ дида гьей рихарайги йикIана, дун намуслъулаан дир эбелалъул суриялдаса. Школалъул столоваялда хIалтIулаан гьей, нижее чадие жо балагьизеян. Цо нухалъ байбихьул классаздаго вугев дир цIалул хIал-хIукму цIехон яккун йикIана эбел классалде. Унго, ракьулъе тIерхьинчIоха дун, гIемер нечеялъ! Кин кIвараб гьалда дун суризавизе классалде ячIине, кин?! Гьей йихьичIеб ххвелги гьабун, дун лъутун ана гьениса. Нахъисеб къоялъ гьалмагъас: «Дур эбел, цохIо гурого бер гьечIей, гIажиз йикIун йиго!» – ян рогьо байдал, ццинги бахъун, векерана дун эбелалъухъе: «Дида гIадамалги релъизарун гьаний йикIиналдаса хунго лъикIан дуе!». Эбел юцIцIун чIана. ГIицI-

го бадиб магIу ххуланин ракIалде ккана дидаго. Амма дие гьелъул сан букIинчIо. Дун гIемер цIалун, хIалтIун, цеветIурав чи лъугьана ва Сингапуралде гIумру гьабизе ана. Ячана чIужу. Босана мина-рукъ. Гьаруна лъимал. Кинабго лъикI букIана…

…Цо къоялъ ячIун эбелалъ кинабго «хвезабизегIан». Дир лъималазда гьей йихьарай – лъалей чIужу йикIинчIо. ЯчIун рагьдухъ гъадаробер чIедал, дир гьитIичал хIинкъана, гIодана. Щиб хъулухъ гьалъул гьание ячIине?! «Ракь те!» – ян ахIдана дун гьеб къоялъ эбелалде. Гьей, гIодое йиччараб гьаракьалъ: «ТIаса лъугьа, дун мекъаб адресалде ккун йиго» – ян жавабги кьун нахъе ана.

Ана сонал. Дун цIалараб школалдасан дихъе бачIана кагъат, гьеб лъугIаразул дандчIваялде ахIараб. ЦIакъ бокьун букIана дунго лъугьун вугев кутакав чи учучу гьабизе, вижараб – гIураб ватIаналде щвезе. ГIелбащадалгун сухIмат-кеп лъугIараб мехалъ, копоего гIадин, дун ана дир лъимерлъи жаниб арал басриял рукъзабахъе. Мадугьалзабаз бицана эбел хванилан. Дир рекIел цониги чIва тIуркIичIо. Цояз бегьун бачIана долъ дихъе хъвараб кагъат: «Дир бищун вокьулев вас, дир рекIел кIутIи, черхалъул дарман, дур пикру гьабичIеб сагIат гьечIо дир. Бегьулеблъун батани, мун тIаса лъугьа, дур лъимал хIинкъизаризе Сингапуралде дун ячIиналдаса. ЦIакъ йохана школа лъугIаразул дандчIваялде мун вачIунилан лъараб хабаралдаса, амма рикIкIадасангIаги мун вихьизе бусадаса яхъине кIвеялда щаклъи буго… Дун кутакалда намусай йиго дуда цее, дир гIажизлъиялдаса нечон дур тIолабго гIумру индал. Мун тIаса лъугьа. Лъалищ, дир вас, мун, гьитIинав чиясул, васандилаго сакъатлъи ккун, бер нахъе босизе ккун букIана. Цо берги гьечIого мун кIудияв гIелин абураб пикруялъ дун жанисан юхIулей йикIана. Гьединлъидал, дица дирго бер кьуна дуе. ГьабсагIат дун чIухIула дудаса, гьеб бералдалъун дуда бихьулеб дунялалдаса. Кидагосеб рокьигун, дур эбел».

* * *

Баркала гьечIел, адаб тарал лъимал. Лъималазул сахлъиялдаса тIокIаб кIвар бугеб жидее щибго гьечIел, гьезул магIу бищун унтулел, гьезул рокьи бищун къиматаблъун кколел улбул. Жакъа дица бетIер къулула лъимералда ракI унтарай щинай эбелалда цебе. Дирго эбел багьанаде ккун хъвараб гьаб макъалаялдалъунги баркала кьолеб буго нужее: рорчIарал сардазухъ, лъимал сабаблъун сундасаго нужго махIрум гьариялъухъ, бадиса арабщинаб магIуялъухъ. Эбел йиго сундулъго: тамахаб чадилъ, къирщ-къирщи бахъунедухъ къачIан лъураб дур ратIлилъ, тIамхазул шуршуралъулъ, ралъдал чил-чилиялъулъ. Гьей – унтараб мехалъ хIеренго дур надалда чIван бачIараб гьогьомараб кверги, дур бадиса унеб магIил бацIцIалъиги, зодосан мун рещтIараб тIоцебесеб дур рукъги, захIмалъи ккедал киназго ахIулеб хвасарлъиялъулаб рагIиги.

ТIаса лъугьа, эбел, ккараб гъалатIхатIаялдаса, рекIеда бараб каламалдаса. «Унго-унголъунги рокьулел гIадамазе кколин нилъедасан ракIхвеян» абун буго цо хъвадарухъанас. Бокьиларо, чIаго ругелгIан къояз, дир сундасаго цебе ккураб, дол тохал-хъачIал рагIаби гьоркьорго гьечIеб, тIокIкIараб иццул лъедегIан дуде хIажалъи бугеб ясалъулаб рокьи, цо-цо адаб тей борчIун ккараб, дур ракI бакъвазабураб асаралде сверизе. ТIаса лъугьа, эбел, киналдасаго. РакI чIун абизе кIола, киналго лъималаз эбелалда абизесел рагIаби, рокьуе мукIурлъи, тIаса лъугьаян гьари загьир гьабунин жакъа дица дирго хъвай-хъвагIаяздалъунилан.

ЧIахъаги улбул!

***Фатима МухIамадова***



*Клара Власова «ЧӀахъадерил руччаби»*

Дунялалдаго машгьурай художник Клара Филипповна Власовалъул рекӀелъ Дагъистаналъ щулияб бакӀ ккуна. Гьелъие нугӀлъи гьабула, Москваялда гьаюрай ва гӀурай Клара, магӀарул ЧӀохъ росулъ рукъги босун, санайил гьение ячӀуней йикӀиналъ. Росги вукӀана гьелъул художник, Гъумекиса тумав – ГӀумар Ефимов.

– Парангазул Альпазда суратал рахъулей йикӀаго: «Дагъистанго гӀадинаб, берцинаб бакӀ буго», – йилан борчӀана дихъа. Гьеб мехалъ аскӀов вукӀарав цӀаррагӀарав скульптор Вадим Шелов, дихъги валагьун, ракӀго щоларого гӀадин, гьимана. Заманалдасан Дагъистаналъул мугӀрузда дандчӀвана дида Шелов. Гьеб мехалъ гьев мукӀурлъана унгоги Дагъистан маргьабалъ гӀадинаб берцинаб бакӀ букӀиналъе, – йилан бицана Клара Власовалъ.

95 сон барай Клара Филипповна нилъедаса ятӀалъана 2022 соналъ.

# Наби ГIисаев



***ЦIунтIа районалъул Гъинухъ росулъа шагIир, педагог, таржамачи Наби ГIисаев ва гьесул творчество лъаларев чи журнал цIалулезда гьоркьов ватиларо. 2007 абилеб соналдаса нахъе Наби ГIисаев вуго Россиялъул Хъвадарухъабазул Союзалъул членлъун. Гьес кучIдул хъвазе байбихьана 12 сон баралдаса. КъватIире риччана Наби ГIисаеваевасул «Гордухъ канлъи», «Баракат», «ГIумруги кечIги», «ЦIвабзазда гIагарлъухъ», «Милъирщаби», «КучIдул ва поэмаби» абурал шигIрабазул тIахьал ва гьес данде гьаруна «Цезазул ва Гъинухъдерил халкъиял марргьаби». Щулияб сахлъигун халатаб гIумруги гьарулаго, журналалда кьолеб буго Наби ГIисаевасул чанго асар.***

## *Солдатасул эбел*

Гъасда тIаде къулун къваридго йиго,
Къо гIемер бихьарай магIарул эбел,
Угьдула гьелъул ракI, ругъун киниги,
Рагъдаса вуссинчIев васасда хадуб.

ХутIана гьев дова, чияр ракьалда,
Росуцояздаса цIвагIан рикIкIада,
Тушманасул кьерал чIаралеб мехалъ,
ЧIвана, тохлъукьего речIчIараб гуллид.

Дир хирияй эбел, рахIат хогеян,
Хералда вас цо-цо макьилъ кIалъала,
Гьадинги талихIав вукIун вуго дун,
ВатIаналъе гIоло рухI бичун хварав.

Тик-тикан кIетIола къадада сагIат...
Цо нухалъ абуна эбелалда гьас
Институтги лъугIун, лъагIалидасан
Лъималазе дарсал жинца кьелилан.

Гьасул ургъалаби, къасдал, анищал
Эбелалъул рекIелъ рукьги ккун руго,
«Дир вас гIелму лъалев гIолев вугилан»
ГIезегIан рукIана гьалъул хIисабал.

Цо къоялъ рогьалилъ бачIана ахIи,
Тушман вачIун вугин, гIорхъи хвезабун,
ГIагараб ракь бугин цIадуда босун,
ЦIунизе бахIарзал тIаде рахъайин.

Хералъе хIеренго къо-лъикIги гьабун,
Гьиматица хехаб барти кьолона,
Кьалде унел ругел гIолохъабазул
Къукъаялде гъорлъе гьавги жувана.

ЛъагIелцин иналде чIегIераб кагъат,
Вас чIванин, бачIана эбелалъухъе,
Амма гьелъул рекIел хиял букIана
ЧIагояб бихьизе жиндирго рижи.

Эбел ургъалабаз унтулей йиго,
Эбел къварилъабаз къакъалей йиго,
Къасиги гьелъ мичIчIилъ хинкIал гьаруна,
Гьиматие бищун цIикIкIун рокьулел.

Ва амма гьанже гьел гьасий щибизе
Щвезе гьечIеб мехалъ тIадвуссун рокъой,
Вацлъиялъул хабалъ гьесиеги бакI
Гьабуна рикIкIадаб Украиналда.

ВатIаналъе гIоло гIумру кьун хварал,
Хабалъ рукъаниги, чIаго хутIула,
ЧIухIи-рецц лъаларел гьездаса гурищ
Дир гIагараб ВатIан даим чIухIулеб.

Дида гьев вихьана борхатаб сида,
Кодоб автоматгун эхетун чIарав,
Гьесие рачIунел тIугьдузда гьоркьоб
Дицагоги лъуна тIугьдузул квацIи.

ГIагараб ракьалъул эркенлъи цIунун,
ЦIадулъан аразул хириял цIарал
ЦIвайил сурат бахъун обелискалда
Улкаялъ меседил хIарпаца хъвана.

## *Аманат*

ВатIан цIунун хварал, хириял вацал,
Хвел къезе гьарурал къуватал нартал,
Нужер бахIарчиял ишазда цере,
Церего гIадин, ниж налъулал руго.

ГIагараб ракьалде рокьиялъ цIурал
Нужер ракIал нижер каранлъ кIетIола,
Кодоб автоматгун «гьурраги» ахIун
Гьужумалъ унел нуж цере тIамула.

Нуж тIад руссинаро, жакъаги улбул,
Ургъалилъ, божигун балагьун чIанин,
Бице, кинаб гьари нужеца тараб
Нахъе хутIаразе, хадур гIолезе...

«Нижеда квач лъана, ракъи-къеч лъана,
ЛъачIо рагъ гIадинаб гIасияб балагь,
Амма ВатIаналде къо ккараб мехалъ,
КъвакIизе ккола нуж чараналдаса.

Гъудуллъун рукIунге, рукIа цIумаллъун,
РакIазул гьеб буго гьари нужеде,
Кинабго нижеца нужей гIуцIана,
Кинабго нижеца нужей цIунана».

* * *

Херай магIарулалъ, магIуги бацIцIун,
РагIана гьитIинго гьабулеб дугIа:
«Я, Аллагь, цIунаги гIазабалдаса,
ГIура-гIурал лъимал лъудбуз гуккулеб».

ГурхIел-рахIмуялъул кьучIищ биххараб,
Рохел-кеп дагьлъана, мех бахъанагIан.
МугIрул росабазда гьоркьоб букIараб
Гьуинлъи тIагIана, тIалаб билана.

ГIарзалъе вахъани, нахъа чи гьечIев,
Гьабилеб щиб, бице, дуца, кIудияв?
КIудиял гIуралги диргоги лъимал
Лъутиладайилан хIинкъулев вуго.

ХIинкъи хIакъикъатлъун лъугьунеб буго,
ЛъикIлъи квешлъиялде сверулеб буго,
Сабруги намусги, саназ цIунараб,
ЦIад гIадинищ чвахун араб салулъе?

Салам босизецин чи хутIулареб,
Хиялаз кIвекIула: бачIинадай мех?
ТIасан хIуччги бахъун, нахъе ругезда
Нилъер яхI билараб бихьиладай къо?

Васаз рехун тарал улбул рихьана,
Улбул кIочон тарал лъимал рихьана,
ЛъугIугеги гIадат, билугеги цIар,
ЦIунараб кинабго кодосаги ун.

МагIарул бацIцIадаб мацI кIочаразда,
Мискиназда гIадин, дир ракI гурхIула,
ГурхIел щиб жо гьанже, эркенлъи щиб жо?
Улкаялъул унти щокърой къан буго.

Щущан унел руго ракълил гIорхъаби,
ГIаламалъул рокъор щула рукIарал.
РекIеде гъиз ккана «лъаялъ» бечелъун,
Бичана «маян» дин, хъулухъ хиралъун.

КъотIулареб дагIба лъималазулгун,
Лъаларо, метер щиб хIадурун бугеб?
ХIал бугесул зардай бергьине бугеб,
Божи-рокьиялъдай ханлъи гьабилеб?

## *Мусаласул мина*

I

Рехун тараб бусен киниги,
Бесдалго бихьула Мусаласул рукъ,
Рекарал чІалаби, турараб хъарщи,
Хъанхъраялъ, цІер гІадин, цІураб рагъи-тІох.

Басрияб магІида чІолорхъо буго,
ЧІараб гІумруялъе нугІ гІадин, далун,
Добцояб рагъида гъалдибер буго,
Гъарималда щибдай макьилъ бихьулеб?

ХІинкъана щаяли, тІуркІана дир ракІ,
ТІокІалъ гьаниб гІумру гьечІин пикруялъ,
Гьелдасаги цІикІкІун – росулъа арал,
Руссине лъаларел лъимал цере чІун.

Нахъа-цере духъе щолел рукІарал,
Щай адрес хисараб гьалбадерица?
Гьанже дур гордухъан бихьулеб гьечІо,
Авалго гвангъулеб, бакараб чирахъ.

II

Гордухъ чирахъ свана, гъасда цІа свана,
ЦІорораб мина-рукъ буго къваридго,
Къебедрокъосаги дур квартІил кІутІи,
КечІ гІадин хирияб, рагІулеб гьечІо.

Махщелги гьунарги умумуздаса
Ирсалъе босулел дагьлъулел руго.
Дир гьайбатаб ВатІан, дир Гьинухъ росу,
Дудеги бихьулеб буго ирга щун.

РикІкІаде цо-цоккун арал васалги,
АнцІабго сон ана – руссунел гьечІо,
ГьечІищ мун, букІинчІищ дуниялалда? –
Дур пикрабаз керен кваналеб буго.

Гьединан цо-цоккун лъимал ун хадуб
Рукъалъул бакІалда чІваднал хутІила,
Хабалъ рукъаразул ургъел кІочараб,
БачІунгеги абе Аллагьас заман.

Балагьун бадиса магІу чвахулеб
Чияс бахинадай хирияб гІорхъи?
ГІагарал-гІунтІарал сан гьаричІого,
Саяхъдай хьвадила хьитал хвезегІан?

МугІрузда хутІараб ахирисеб гІел,
ГІали, нилъер гьечІищ гьедин батани?
БачІараб къварилъи халлъилароан,
Хисуларебани гІамал-хасият.

ГІададайищ ккарал цІаларал дарсал,
ЦІвабзазухъ балагьун, нилъей харабаз?!
Хадуса бачІунеб гІелалъ босизе
ГІадатищ хутІичІеб мугІрул росабалъ?

* * *

– Эбел, дур беразул канлъи сунн буго,
Сунца гІолохъанго херлъизаюрай?
– Лъималаз бачІараб рогьоялъ гІадин
ГІодизабуларо эбелалъул ракІ.

– Эбел, гІемераб къо бихьана дуда,
БахІарлъи цІунулеб дару лъаларищ?
– Лъималаз гьабураб гьунаралъ гІадин
ГІолохъанлъуларо эбелалъул ракІ.

## *Баркала нужее, лъикIал гIадамал*

Баркала нужее, лъикIал гIадамал,
ГIакъилал, гьайбатал, гьунар бергьарал,
Нужер кумекалъги ва тIалабалъги
Дун тIолго гIумруялъ сверун ккун вуго.

ЦIаялъ вухIулевги, гIоралъ уневги
Лъала, дун нужеца хвасар гьавуна,
Хурдузулъ тIегь гIадал нужеда аскIоб
Алжаналда гIадин, буго дие лъикI.

Квачан холеб мехалъ, цIадухъе вачун,
Нужеца, хириял, хинлъизавуна,
Вакъун холеб мехалъ, бекун чедги кьун,
Чехь бихъун инедухъ кваназавуна.

ГIелму цIалулаго, сонал аниги,
СвинчIо нужеде дир рокьиги цIаги,
ЦIвабигIан нуж дие тIадегIанлъана,
ТIулил вацал гIадин берцин рихьана.

Огь, нуж тIаса лъугьа гъалатIаздаса
Лъанги лъачIогоги гьарун рорчIарал,
Нуж дир намусалъул рорхатал сиял,
Сабру нужер гIадаб диеги анищ...

Нужеца цIунана квешлъабаздаса
ГIумрудул захIматал свералабазда,
Сахлъи, гьудулзаби, сахлъи, гIагарал,
ТIаса тIагъур бахъун, гьарула нужей!

БетIергьанги нужги разияб хIалалъ
ХIаракат бахъила гIумру гьабизе,
Гьелдаса кIудияб рохел гьечIо дий,
Дунялалда чIаго вугебгIан мехалъ.

Нужеца дий кьурал гIадинал дарсал
Дица гьанже кьола дир лъималазе,
ЛъикIал гIадамаллъун гьел рахъун хадуб,
Хваниги кIваричIо дуниялалда.

Нуж рукIинчIелани, рекIел анищал,
Рохьдолъ сунтур гIадин, ссун, тIагIинаан,
ТIадегIан гьавидал жакъа дун, вацал,
Нужее миркалъго налъулав вуго.

## *Бокьула рагIизе магIарул калам*

Жегиги гьитIинго эбелалъ дие
АхIарал кучIдузул канлъи ва хинлъи
ХутIана дилъ бессун, бакъул нур гIадин –
Бокьула рагIизе магIарул калам.

МагIарухъ ана дир таманал сонал,
Сабурал, гIакъилал гIадамазда гъорлъ,
Гьездаса рикIкIадги дунгун букIараб,
Бокьула рагIизе магIарул калам.

Мун букIинчIебани, чIчIваби тIутIураб
ТIармида релълъине букIана гIумру,
ГIагараб авар мацI – дир баккараб цIва –
Бокьула рагIизе магIарул калам.

Мун кисан бачIараб, кинан бачIараб
Балагьеян абе гIалимзабаца,
Амма дур гьаркьалги гьал дур кверални
Дие хиси гьечIеб хазина буго.

Дуца гьел рикъарал багIарбакъулищ,
Дуца гьел росарал Каспий ралъдалищ? –
Рагье дий балъголъи – балагьун вуго –
Бокьула рагIизе магIарул калам.

Дур гъветI гьитIинабин гIайиб чIвалев щив?
ГIела мун диеги наслабазеги,
Нижго хваниги мун хвел гьечIеб буго –
Бокьула рагIизе магIарул калам.

Гьеб мацIалъ ахIана МахIмудица кечI,
МахIачий бачана, кини кIикIун, ахх,
Аваразул кечIгун, континент сверун,
Кив щвечIев ХIамзатов, хIайранав шагIир.

Умумуз ракь гIадин, гьанже мун цIунун,
ЦIадулъан инеги нахъе къаларо,
Дир ярагъги, чуги, чорхол бухIиги –
Бокьула рагIизе магIарул калам.



# *Церги чакъалги*

(Маргьа)

Цо нухалъ щивниги чи гьечIеб нухдаса гIебеде церги чакъалги рекерун унел рукIун руго. Чакъалалъ царада гьикъун буго:

– Кинал батIи-батIиял гIелмаби дуца цIаларалали бицинарищ, дир хирияб цер? – абун.

– Дица бащдаб гурони гIелму цIаличIо. Дуца чан цIалараб? – илан гьикъун буго цараца.

– Дицани кIигогин бащдаб цIалана! – ян царае жавабги кьун, жибго жиндиего гIураб къагIидаялда, белъанхъун буго чакъал.

– Гьедин батани, мун дидаса гIакълу бугеб рагIулаха, нухда мун дидаса цебе-цебе букIине ккола, – ян сихIирго малъун буго цараца.

Гьел рикIкIаде рекерун унел рукIун руго, нухда гьезда данде цо бакъараб гъалбацI лъугьун бачIун буго. Гьениб цараца чакъалалда абун буго:

– Гьа, хехго цо кинаб бугониги сихIру-ялъе ургъе, гурони гъалбацIалъ нилъ кIиялго чIвазе руго! – абун.

Чакъал царада гьардезе лъугьун буго:

– Кинаб бугониги сихIру ургъизе дида кIолеб гьечIо. Дудаги хвасар гьаризе кIвечIони, гьанже нилъеда тIаде хвалил сагIат гIунтIана! – абун.

– Бихьулищ кинаб гIакълуялъул бетIергьан мун бугеб? – ан абун буго цараца гьелда. – Биччантеха гьанже дунниги цебе!

Гьел рагIабиги абун, цер, чакъалалда цебехунги лъугьун, гъалбацIидехун гьадин кIалъан буго:

– Къуват цIикIкIараб гъалбацI, Аллагьас дур гIумру халат гьабеги! Гьарула дуда, нижер дагIбаялъе хIукму къотIеян!

– Хехго бице! – ян ццидахъего кIалъан буго гьеб, гьел гIалхул хIайваназде берги щвезабун, кинабдай гьезул тIоцебе кванан лъикIилан ракIалдеги ккун.

– Нижеца ккун буго кIиго хIелекоги цо гIанкIудал тIинчIги, гьел сабаблъун нижеда гьоркьоб дагIба ккун буго. Дица абулеб буго хIелкал дие рукIине кколилан, чакъалалъейин абуни гьел жиндиего рокьун руго.

КIалги бацIцIунаго гъалбацIалъ абун буго:

– Кирха ругел гьел нужер хIелкал? – абун.

– Гьале гьанир, гIемер рикIкIад гьечIеб нохъода руго.

– Балагьея, дир гьудул цер, гьел хIелказухъ дунго балагьичIого жо ккезе гьечIо. ХIукму къотIилалде цебе гьел дидаги рихьизе ккела. Гьединлъидал нилъ рилълъинин гьел ругел нохъоде, – ян абун буго гъалбацIалъ, тIагIам бугеб къадикванил цебеккунго махIги чIван.

Нохъоде щвейгун, гъалбацI жанибе лъугьине къеркьон буго, амма каратI цIакъго гьитIинаб букIиналъ, жибгоги борчIизе кIвечIого, гьелъ лъазабун буго:

– Гьа, чакъал, билълъа, жанибеги ун, дуца хIелкал дихъе къватIире регье! – абун.

ГъалбацIие бетIерги къулун, чакъал паркъун нохъода жанибе тIерхьун ун буго.

Цо лахIзат ун буго, цойги ун буго, чакъалин абуни, кинго къватIибе баккун гьечIо. Гьанже цараца абун буго:

– Гьай щайтIан я, жанибени ана, амма къватIибе бачIунеб гьечIоха мун! Кинавго хIелкал дуцаго кванан лъугIизарулел ратичIониха, – абун.

ГъалбацIил ццин гьалаглъун буго ва, жанибеги лъугьун, хIалихьатаб чакъал къватIибе цIаян лъазабун буго царада. Церги гьебсагIат нохъода жанибе кIанцIун ун буго ва гьениб, чакъалалда аскIоб гIодобги чIун, гьелда гьикъун буго:

– Гьа, дур иш кин бугеб, гIакъил? – абун.

Чакъалалда щибго жаваб кьезе кIун гьечIо, гьеб нечон буго. ГъалбацIин абуни царахъ балагьун чIун букIун буго, ва гIемер мехалъ балагьун чIеялъ бизарлъараб гьалъ цараде гьадин ахIун буго:

– Ле, цер, къватIибе лъугьа! ЧIалгIанин гьанже дида нужехъ балагьун чIей! – абун.

– КIваричIин, чIун букIа, гьудул! Чакъалалъулгун дир рекъел ккун буго гьанже, – ян жаваб кьун буго цараца.



**Изаза Алиева**



# Щивасе кьезе ккола гIумруялъе рес!

***Дагъистан Республикаялъул клиникияб хехаб кумекалъул больницаялъул неврологиялъул отделениялъул нухмалъулей, тIоцебесеб категориялъул тохтур Изаза Мусаевна ГIалиева сахлъицIуниялъул пишацоязда лъала лъай бугей ва адабалъе мустахIикъай тохтур-невролог, нейрореаниматолог хIисабалда.***
***Сундасан гьелъул медицинаялде нух байбихьараб, кинал масъалаби жиндаго цере лъун ругелали бицана гьелъ нижер журналалъе.***

Неврология тIаса бищиялдаса Изаза Мусаевналъул киданиги ракI бухIичIо. Гьале гIасруялъул ункъил бутIагIан заманялъ гьелъ кумек гьабулеб буго гIадамазе сахлъизе, гIемерисел пациентазе кьолеб буго кIиабилеб гIумруялъе рес.

***Медицина буго ирсалъе кьолел махщелазул цояб. Духъеги гьединищ щвараб?***

– Гуро нижер тухумалда медикал рукIинчIо. Хъизамалда дун ккола тIоцеесей гьаб нухдасан арай.

***– Кисаха бачIараб медицинаялде рокьи?***

– ГьитIинаб мехалъ дица хIалароан больница, бахунароан ясикIабазда зеленка. Дие бокьун букIана бакIал ралейлъун яхъине, амма эбелалъ тIадчIей гьабуна хъизамалда цогIаги тохтур вукIине ккеялда.

– Медалде лъугьине кутакалда ***захIмалъулин*** абула, конкурс кIудияб букIиналъ...

– Дун бигьаго йорчIана! РакIбацIцIадго цIалиялъ батила. МахIачхъалаялъул №1 школалда кьучIаб лъай кьола.

– Мун тахшагьаралъулайищха? Бице дурго хъизаналъул...

